

*Kesyon Ak Repons Nimewo 2*

64-0823E

*Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Étazini*

1 Annou rete kanpe jis yon moman pou priye.

Chè Bondye, nou remèsye W aswè a, premyèman, pou Jezikri, Sovè nou. Nou remèsye W poutèt Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou remèsye W pou moun yo ki kwè sa. Nou tèlman kontan ke nou gen yon Bondye, pa jis yon ti dye imajinè, yon idòl imajinè, yon espri imajinè; pa gen anyen imajinè konsènan sa—se yon vrè Bondye vivan k ap viv avèk nou e ki lan nou e ki ap travay atravè nou. Pa pou n ap fè de Bondye yon estati, men nou menm ki vin imaj vivan Bondye... Sentespri a, ki ap pale non pa atravè yon estati, men k ap pale atravè yon veso ki te rachte—Bondye manifeste nan lachè. Ala nou remèsye W pou sa, gwo Kolòn de Fe a ap swiv nou, ou pito, n ap swiv Li, e pou tout manifestasyon menm Lespri a k ap fè menm zèv ke Li te fè lè L te vin sou tè a. Ala yon konsolasyon sa bannou.

2 Nou rasanble aswè a, Seyè, pa pou ankenn lòt bi ke pou konnen e pou aprann kouman, avèk èd Ou, pou nou vin meyè Kretyen epi vin sijè ki fèt pou moman sa ke n ap apwoche a. Èske W vle ede nou, Seyè; nou bezwen W. Lan Non Jezi. Amèn. (Ou mèt chita.)

3 Avèk apeprè on lòt trant oswa karant kesyon, mwen—mwen pa konn kijan m ap janm fini ak yo. M te eseye ak tout fòs apremidi an pou wè si m te ka menm bese yo a nòmal, men m pa t ka fè sa. Kanmenm m vle di ke m pral fè mye ke m kapab pou—pou reponn kesyon sa yo, paske yo se dè bon kesyon, ki soti nan kè Kretyen yo. E mwen—mwen vle sètènman fè tout sa m konnen pou reponn yo jis ak otan de sansibilite ke m konnen pou reponn yo.

E mwen–mwen vle remèsye Seyè a poutèt fason Li te ede nou maten an pou–pou trete kesyon sa yo epi–epi pou bay repons Li te bannou yo.

4 Kounye a, mwen genyen yo la tou melanje, mwen kwè gen sansenkant an plis. E nou te pase apeprè ven, mwen kwè, maten an. Epi–epi konsa kounye a, anvan nou kòmanse, m ta jis renmen di ke si yon moun ta vle atik sa sou *Yon Legliz K Ap Balanse Ak Son Wòkennwòl*, minis Prezbiteryen an la k ap dirije kongregasyon li nan wòkennwòl, yon pwogram pou sakreman an...Kite m jis verifye yon minit.

5 “Manm jèn yo k ap danse dyaz–dyaz. Pyès teyat pasyon an temwaye de krisifiksyon nan nouvo z-a-f-è, wòkennwòl sa.” Pastè a la k ap dirije tout tinedjè yo laba pou pase atravè Pasyon Kris la, teyat krisifiksyon an sou fòm wòkennwòl ak dyaz. Ebyen...Se nan Maryland. Bon, èske se pa kichòy sa?

6 E apresa, men foto sila yo...M t ap pale w maten an de gwoup Beatles sa yo, *Retou Beatles Yo*, men atik la; ou ta dwe jis li l nan magazin lan ak tout diferant bagay sa yo. “...jan sa te ye a, yo te jwenn yon nouvo relijyon.” Bon, manadjè yo...Mwen gen yon nòt sou jounal sa la. Men ou pa gen tan...Si yon moun vle li bagay sa yo, oswa m ka mete yo sou tablo anons lan, konsa ou ka li yo. Mwen jis vle montre w ke tan n ap viv ladann lan chokan. Ou ka pa konprann sa, men eseye konprann, nou menm moun yo, kisa bagay sa yo ye! M te mande Frè Capps, li byen enstwi e li ka li pi byen pase m, m te mande l pou l li atik sa ki te vin de manadjè Beatles yo. Èske w ka fè sa, Frè Capps, kounye a?

7 [Frè Capps ap li atik sou Beatles yo–Editè a]

[Ki deklare ke:]

[Beatles yo t ap poze tèt yo kesyon san jwenn repons. “Sa enkwayab, absoliman enkwayab!” Se Derek Taylor, reprezantan laprès pou gwoup Beatles la, ki t ap pale, “Men

kat jèn gason sa yo ki sot Liverpool. Yo mabyal; yo se dè blasfematè; yo vilgè; e poutan y ap mennen lemond. Se tankou yo te dekouvri yon nouvo relijon. Yo konplètman antikris. Mwen vle di, mwen menm tou mwen antikris; men yo menm yo sitèlman antikris ke yo choke m, e se pa yon bagay ki fasil. Men mwen obsede pa yo. Èske se pa menm bagay la pou tout moun? Mwen obsede pa onèt-te yo, e moun ki renmen yo la plipa se moun ki ta dwe plis an kòlè. ”]

[“An Australie, pa egzanp, chak fwa nou rive nan yon aeropò, se tankou kòm si se te deGaulle ki te ateri, ou menm plis ankò, Mesi A. Wout yo te bloke ak gwo bouchon. Enfim yo te voye baton yo jete. Moun malad te kouri vin bò machin lan, kòm si yon touch de youn nan jèn gason sa yo t ap geri yo. Vye granmoun te kanpe la ap gade avèk pitit pitit yo pandan n ap pase. Mwen ka wè ekspresyon sou figi yo. Se te kòm si yon sovè te rive epi tout moun sa yo te kontan epi soulaje, se kòm si bagay yo ta pral kanmenm ale mye kounye a.” Taylor te fè yon poz pou mete yon sigarèt nan bouch li, “Sèl bagay ki rete pou Beatles yo,” li te di, “se al fè yon toune gerizon.”]

8 Èske se pa sa Li te di? “Anpil va vin kote M jou sa pou di, ‘Seyè èske m pa t...’” Ou wè? Kounye a, èske w pa ka wè ke w pa ka mete konfyans ou nan kanpay gerizon? Ou pa ka mete konfyans nan ankenn jan de siy konsa. Sèl bagay ou ka mete konfyans ou se ENSI DI SEYÈ A ki sot nan Bib la. Bon, Legliz, se egzakteman kote m te eseye gade w, timoun mwen yo. E si yon bagay rive m pou Bondye pran m soti sou tè sa, piga w janm fayi. Sonje sa ak tout kè w: rete ak Pawòl sa! Piga w kite Pawòl sa! Tout sa ki kontrè ak Sa, kite l trankil, pe enpòt sa l ye a. Konsa ou konnen Se kòrèk. Ou wè?

9 Yon kanpay gerizon kounye a! Moun ki nan peche ki te menm estomake pwòp manadjè yo ak vilgarite yo, bagay sal yo, bagay souye yo; epi moun yo k ap debarase yo de beki yo pou vin geri jis poutèt yo te gade ti mesye sa yo. Sa sitèlman souye, sal, e antikris! Ou

wè, se Satan nan yon kanpay k ap moke. Ou wè? L ap fè tout sa Kris ka fè, men li pa ka konfime Pawòl la. Ou wè? L ap pran yon pati Ladann bò isit la e yon pati Ladann bò laba, men li pa ka pran L tout ansanm. Ou wè? Li pa ka pran L tout ansanm. Kifè ou wè, se pa etonan Bib la di ke sa te ka prèske twonpe menm Eli an si se te posib: espri antikris la.

10 Bon, menm pwòp manadjè laprès yo la, reprezantan laprès, se sa l ye pou yo, li kwè nan yo, e li di ke li posede ak menm bagay la, paske yo te met men sou li.

11 Bagay move sa yo, yo...Bon, èske w pa wè, fanm yo, poukisa m ap eseye di nou konsènan zafè-pote bout pantalon sa, zafè cheve koupe, zafè tèt kale, ak bagay konsa. Se yon espri. Se yon espri! Menni drèt nan magazin prensipal nou yo ak tout bagay ki te devwale, wòkennwòl ak tenten nan legliz. Enben, se egzakteman yon plan Satan, e yo se toujou legliz ak denominasyon.

12 Retounen nan Pawòl la, timoun yo, osi vit ke w konnen; e piga w oze kite L! Rete drèt avèk Pawòl sa.

Ou wè, jan espri antikris sa ye, li ka pale an lang, li ka montre siy ak pwodij; li ka geri malad; li ka fè tout bagay sa yo. Ou wè? Moun sa yo panse ke y ap apwoche Bondye, ke ti mesye sa yo se moun Bondye voye, paske legliz la te abandone Pawòl la.

13 Ti mesye sa yo fè pati de legliz. Elvis Presley se yon Pannkotis. Pat Boone se manm legliz de Kris. Gade moun sa yo, Pannkotis, Legliz de Kris, e tout lòt parèy yo ak movèz espri sa yo sou yo. Red Foley, yon vwa annò, fè pati Legliz de Kris, ap chante kantik relijye jan pèsonn moun pa ka chante yo epi ap chante wòkennwòl ak menm vwa a. Pa fwi yo w ap rekonèt yo. Gade de ki legliz yo fè pati. Elvis Presley se manm Asanble de Dye. Men bagay la, yo chak te vle sa, e Satan ba yo l.

14 Zanmi, èske w pa ka wè, kijan...Piga w kite Pawòl sa chape. Ou wè, se yon espri ki vin sou ou.

15 E m ap di fanm sa yo, lè y ap fè tèt yo parèt seksyèl nan rad sa yo, Bondye ap fè w reponn poutèt ou te komèt adiltè. Si w kwè m pou sa w di m ye a, sèvitè Bondye, pwofèt, koute sa m ap di w. Ou wè? Petèt ou ka pa ka konprann sa, e si w pa kapab, alò fè jis sa m di w fè a. Bondye ap rann mwen responsab pou sa m di. Ou wè? Koute vrèman avèk atansyon, e sonje ke bagay sa yo se espri.

16 Dabitid, petèt moun lan pa...Ou sonje, *Bondye ki kouvri ak po a*, ke m te preche sa pa fè lontan (ou wè, ou wè?), Bondye ki gen po sou Li a? Kounye a, jis sonje, gen nan nou ke yo voye nan mond sa pou pèse domèn sa yo pou di nou bagay sa yo. Ou wè? Sa se presyans; se Bondye k ap pale, ki ap montre. Kan w jije yon bagay dapre lachè, enben, yo inosan (gade la), moun de byen, onèt, ki p ap bay manti pou anyen. Poutan tout bagay la nèt se dyab la. Relijye, sou pwèn menm kòmansè yon kanpay gerizon. Ou wè? Se jis antikris egzakteman. Ou wè? E yo se Prezbiteryen ak tou sa. Ou wè denominasyon sa yo, jan yo fè l, drèt nan menm bagay la?

17 Enben, la nan peyi Lond, an Angletè, jis sa pa fè lontan yo te gen yon ekip wòkennwòl pou imite Kris, ak Jida, ak tou sa, epi...Yo te rele Kris "Papi-o" pou ap itilize tout mo sa yo ke timoun ensanse yo ap pale a. Ou wè? Timoun tinedjè yo plwaye mond lan met nan pòch yo. Bon, ou konnen ke Bib la predi sa: Engra, enpi, san afeksyon natirèl, san pawòl, fo akizati, rebèl a paran yo (ou wè?), tinedjè k ap plwaye mond lan, e se sa sa fè.

18 M te rantre yon kote lòt jou; yo t ap jwe bagay sa, youn nan vye mizik sal nan bwat mizik yo, tout tenten sa. Mwen pa t menm vle mennen fanmi mwen. Mwen te di dam sa, "Se konbyen anrejistreman sa yo koute?"

"Dis kòb chak pyès."

“Konbyen konsa bwat sa ka jwe pandan inè?” Li te di m. M te di l, “Men lajan an; debranche !!”

“Ebyen,” li te reponn, “M pa ka fè sa. Timoun sa yo vin isit la pou jwe sa.”

19 Konsa m pa t ka depanse ankenn lajan la; m te al yon lòt kote. Ou wè? Ebyen, tenten sa t ap ennève w; ou t ap oblije al pi ba pou pran yon pakèt kalman apre w ta fin tandè tenten san sans sa. Sa jis ennève yon Kretyen. Si w renmen jan de bagay sa yo, ou konn kisa ki pa va avèk ou? Ou bezwen sove, paske sa k nan ou a ap nourri ak yon lòt bagay ke Pawòl la. Sa ap nourri l de...

20 Ou pa ka imajine Jezi k ap fè yon bagay konsa ou pa kapab? Èske w imajine youn nan pwofèt yo k ap fè yon tèl bagay? Zanmi, èske w pa wè, tout bagay la nèt nan tout sans se dyab la. E Bib la di kijan l t ap vini sou fòm relijyon pou jis ap fè egzakteman tankou Kris. Ou wè? Men sèl fason ou va janm kapab di sa, se pa fè pati de legliz sesi, oswa fè pati de legliz sela, se rete avèk Pawòl la; Li se Pawòl la.

21 Bon, Seyè a beni nou chak. Nou pral antre dirèk nan kesyon yo. E kounye a, pandan apeprè...jiska anviwon inè e ka...Mwen p ap kapab pase atravè tout kesyon sa yo. Gen senpleman dè pil ladan yo. Mwen kwè ke se dè bon kesyon. Yo trè byen. M ap jis plonje men m pou ranmase youn isit la epi la pandan m ap vanse. Epi la...reponn li...

Mwen ta...M te panse aswè a m t ap jis vini, kite yon moun li yo, pou m ap di, “wi” oswa “non,” “wi” ou “non,” sou...Sa pa t ap kòrèk pou moun yo. Yo poze kesyon sa yo pou jwenn repons. Epi mwen—mwen pa t ap fè sa, paske mwen t ap pran sa m kapab; e sa m pa kapab, mwen t ap pran yo pwochè fwa.

22 E kounye a, mwen—mwen...Apeprè Dimanch pwochen, m pa konnen. Kite m di w; si w met men sou Billy ant kounye a e Mèkredi...Petèt n ap gen pou nou pati.

23 Bon, men yon bagay. Mwen trè an reta nan antrevi yo. Billy te montre m yon pil antrevi wotè sa, k ap tann, kèk ladan yo, depi dè mwa. Ebyen, pandan m la, m ap ratrape kèk nan sa yo, ratrape kèk reyinyon yo, fè tout sa m kapab pou on jan balanse sa. M pral priye semèn sa pandan m ap kite pou mande Seyè a, “Kisa Li ta vle m fè, fini sa yo oswa–oswa pran antrevi yo?” Si m pran antrevi yo, lè sa m ap jis kouri...vin lakay Dimanch epi mennen antrevi yo kèkpa, epi kontinye nèt lajounen avèk antrevi yo. Si m pa fè sa, enben, m ap jis oblije ranvwaye antrevi yo jiskaske m tounen ankò. Si m p ap fè sa, alò m va reponn...m va...Billy va voye yon kat ba ou.

24 E kite m di w; se byen, timoun janti sa yo, pou m ka di w jan yo renmen youn lòt, lanmou yo genyen youn pou lòt. Youn va di yon lòt e lòt la va di...Billy fenk sot rele youn nan yon rejyon, aprepre san senkant mil, e rès yo te avèti lòt yo. Yo renmen youn lò. Yo pa vle manke anyen. Yo gen...vle isit la chak minit pou wè sa k ap fèt; paske si Seyè a ta bay yon bagay, yo vle isit la pou resevwa l. E mwen apresye yo.

25 Kounye a sonje, chè zanmi, maten an m te fè yon deklarasyon sou kèk nan kesyon yo. E mwen remake kèk nan sa yo (ya!) poutan, ki te vini maten an, se plis konsènan moun k ap demenaje al Arizona. Ou wè? M te panse m ta...fè mye rann sa klè, pou w ka konprann.

26 Bon, piga–piga w panse m ap eseye di moun ki kote yo ka viv, ak kisa yo ka fè, epi...La, se pa sa m ap di, chè frè pa m. Gen moun onèt ki vle demenaje al la. Ebyen, nenpòt moun ki vle demenaje, se sèten mwen t ap–t ap kontan, osi lontan ke m t ap la se sa osi lontan m t ap la...Mwen isit la dis fwa plis ke laba. Mwen gen...Ant kounye a e Nowèl, m ap la aprepre kat jou. Apre imedyatman apresya, m ap pati a letranje. M ap isi a nan tabènak la petèt de ou twa semèn anvan m al a letranje nan youn–yon revèy, jan m abitye fè lè se prentan. Epi apati de la, mwen sèlman gen yon reyinyon nan tout Arizona, e sa ap rive an Janvyè nan Phoenix, de sware avèk Lèzòm Dafè Kreyen yo.

Ou wè? Mwen pa...si moun yo deyò a la, hmm, èske nou ka rete bann lan? [Frè Branham ap mande pou yo fèmen aparèy k ap anrejistre bann lan pandan l ap pale ak kongregasyon an. Èspas vid sou bann lan—Editè a.]

27 Bon, pandan n ap kòmanse ak kesyon sa yo aswè a, m ap pran youn la epi...Èske nou kontan yo? Di, “Amèn.” [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Mwen kwè sa pwofitab pou nou nan moman sa. Epitou o, mwen kwè rapidman nan...M t ap gade maten an anvan m te desann isi a kèk-kèk tèks ak kèk plas nan Bib la, m te panse, “O, ala yon bagay mèveye sa t ap ye...Pandan n ap tann Vini Seyè a, ala yon bagay mèveye sa t ap ye pou retounen pran tout pèsonaj Ansyen Testaman sa yo, depi Jòb epi pase atravè la, ap fè dè seri reyinyon sou yo (èske sa pa t ap mèveye?), jis pou montre w kouman yo reprezante dirèkteman tip jodi a (Pawòl la an antye lye ansanm), epi tout bagay sou destriksyon tantan ansyen yo ak jan yo se tip bagay jodi a; kouman tout bagay nan Ansyen Testaman an pale de vini Seyè Jezi a.”

**279.** Kounye a, premye kesyon m pran soti la: **Frè Branham, èske se fo pou yon Kretyen mete cheve l boukle? Epitou, ki longè manch rad li ta dwe ye? Mèsi. Yon sè.**

28 Bon, sa a...vle di anpil bagay pou madanm sa. Kounye a, kèk nan nou frè yo nou ka panse, “O, fanm estupid sa.” Men okontrè sa pa estupid pou li; li vle konnen.

Kounye a, konsènan fè cheve an kisa sa te ye, ke kochon oswa yon lòt bagay? Mwen dezole. Mwen-mwen pa t...Sa...Mwen dezole. Boukle. Ekskize m. fikse boukle, ke kochon! Se sa jèn fi yo te abitye pote sa fè dè zane. Nou sonje, jan de...Èske se pa t konsa? Yo te konn rele yo ke kochon, jis jan de cheve boukle pandye desann? Non, fikse boukle, ekskize m, zanmi yo.

29 “Ki longè manch rad li ta dwe pote?” Mwen-mwen pa kwè ke gen anyen konsènan sa. M pa konnen. Ou wè? Sa m pa ka apiye ak Bib la, mwen-mwen pa vle di twòp sou li.



30 Bon, mwen jis ap di w sa dapre mwen, paske m pa gen okenn Ekriti pou apiye sa. Sèl bagay mwen genyen pou medam yo konsènan cheve yo se pa koupe l. Fason yo vle pote l la, sa regade yo. E konsènan fikse boukle, avrèdi, mwen pa konn kisa yo ye, sof si se bagay sa yo ki sanble ak tisi ak fòm resò ke yo kole nan cheve yo a, se apeprè sèl-sèl bagay mwen konnen...

31 E pou longè manch rad yo, mwen panse, antan ke Kretyen, Bondye k ap di w sa pou fè konsènan bagay sa yo. Ou wè? Mwen kwè antan ke yon moun ki Kretyen ou ta dwe—ou ta dwe konn kijan pou w fè sa. Mwen pa kwè Bondye koupe yon sètenn longè oswa kèlkeswa sa l ye a. Osi lontan ou desan epi ou parèt onorab epi pwòp, mwen—mwen panse se kòrèk. Se pa vre? Ou wè? Kounye a, se jis opinyon pa m. Bon, sa se mwen, ou wè, paske m pa ka apiye ankenn lòt bagay avèk Ekriti a.

32 Mwen kwè ke se maten an kesyon an te vini apwopo de met koulè nan cheve, ou konnen, ak yon—ak yon koulè. Bon, mwen—mwen...se...mwen—mwen pa ka di anyen konsènan sa. Mwen pa konnen, men mwen—mwen—mwen—mwen pa gen ankenn Ekriti pou di pa—pa met koulè nan cheve w. Kounye a, sa se—sa se...

Nou menm fanm yo, nou renmen parèt bèl, e ou ta dwe parèt bèl. E Frè Branham pa kont nou timoun yo. Nou se timoun pa m yo; mwen—mwen—mwen renmen nou, e mwen—mwen pa vle ap mete pou nou. Mwen—mwen pa t ap fè sa pou anyen; mwen sèlman ap eseye ede w.

33 Men kounye a, gade, kite m jis mande...Kite m di sa kòm repons pou kesyon sa. Bon, èske nou prè? E pou nou menm k ap tandè bann lan, men ni, sè yo: Si gen yon dout ladann, piga w fè l. Men si w—si w ranpli ak Lespri Bondye epi w kondui pou al fè l, osi lontan sa pa entèfere avèk Lèzekriti e sa pa entèfere ak yon dout, ou satisfè pafètman ke

se volonte Seyè a, alò avanse epi fè l (ou wè?) paske pa gen ankenn Ekriti pou di “non” (ou wè?) konsènan sa. Mwen pa...Pa gen anyen konsa nan Bib la.

34 Mwen kwè Ezayi 5, m kwè se sa, pale konsènan fanm, jan yo t ap pote vètman ki t ap chanje ak tout bagay konsa; ke sa t ap lògèy ak bagay, atifisyèl. Si w fè sa pou lògèy, alò se mal. Ou wè? Egzamine kè w devan Bondye. Si pa gen Ekriti pou sa, e fason Sentespri a kondui w, avanse epi fè li. Men kounye a, lè se kesyon swa pou w gen cheve long ou cheve kout, ou pran cheve long; Se Bib la.

35 Gen yon kesyon isit la; mwen–mwen ka reponnn li kounye a menm. Li la; mwen te wè l maten an oswa sa fè yon ti tan. Li te di, “Ou toujou ap atake medam yo, jan yo pa ta dwe fikse cheve yo, men ou pa janm di anyen sou mesye yo.”

36 Si m te wè yon nonm vin isi a ak cheve long pandye sou do l tankou yon fanm, m tap di: “Mesye, poukisa w pa al kay kwafè? Ou sanble yon fanm.” Ou wè? Men lòm dabitid pa fè sa. Ou wè? Pa tankou lòm...Kounye a, pa tankou enfayabilite lòm, yo jis koupab menm jan ak fanm lan.

E an pasan, yon nonm k ap kite madanm li fè sa, li koupab de fwa de sa, paske li sipoze se sila ki gen a di nan kay la. E nonm sa pa ka menm dirije pwòp kay li; kijan l ap ka fè l nan kay Bondye a? Ou wè?

37 Mwen sitèlman gen rekonesans pou gwoup medam nou yo ke nou genyen k ap vin isit la. Mwen di sa ak respè epi lanmou, e la, Bondye konnen ke se laverite. Mwen–mwen te abitye gen yon zanmi predikatè anba nan Sid ki te gen youn nan legliz ki gen aparans pi pwòp ke m te janm wè. Kote dè dam te konn ale, dam ki pi bèl m te janm wè la tankou sen, sanble ak Bondye, ak cheve long. Mwen te toujou admire al nan legliz sa. E Seyè Jezi a ban m yon legliz jodi a isit la ki depase sa san mil mil: dam pa m yo.

38 Mwen p ap kòche w poutèt mwen mechan; mwen sèlman sitèlman kontan pou ou. Mwen jis pa vle Satan mete yon pye ankenn kote. Ou wè? Mwen vle w avanse devan, pa ap fè bak. Piga w janm kite ankenn moun sedui w ak kèk bèl pawòl, oswa kèk lòt bagay konsa, oswa yon bagay k ap di, “O ebyen, sa pa...” Ou wè? Se fason sa Satan te entèprete Pawòl la pou Èv. Ou wè? Kwè jis sa Pawòl la di. Dakò.

**280. Trè ijan. Frè Branham, konsyan ke tan an ap fini e etènite ap tabli, kisa w te ka konseye yon koup k ap planifye marye?**

39 Ale drèt an avan epi marye. Ou wè? Kontinye avanse jis tankou w ta pral viv yon lòt santan isit sou tè a. Jis kontinye; kenbe kè w fikse sou Kris, pigas kè nou sou bagay mond sa a, men sou Kris. Ou wè? Kontinye avanse; marye, fè timoun. Ke Bondye beni w nan maryaj ou.

**281 Chè Frè Branham, mwen te batize lan Non Jezi. Pawòl la di ke ou va resevwa don Sentespri a. Èske sa—èske sa vle di batèm lan, Sentespri an, oswa èske sa vle di m ta dwe resevwa don an...definitivman...mwen ta dwe resevwa definitivman yon eksperyans avèk batèm lan? Mwen gen yon ti sousi pou—pou ranpli ak Sentespri a— a. Ekskize m souple poutèt nòt long sa paske mwen te vrèman vle mande w kesyon sa sa fè lontan. Mèsi.**

E moun lan te siyen non I. Yo se moun k ap viv andeyò vil la.

40 Bon, men yon bon kesyon. Kounye a, batèm ak Sentespri a se definitivman yon eksperyans ke yon moun dwe resevwa. Bon kite m on jan klarifye sa jis yon minit. Ou wè? Bon, anpil moun gen ide sa—sa...Mwen kwè ke yo tòdye sa. Petèt drèt isit la pou legliz epi pou legliz k ap tandè, petèt ka gen yon kesyon. Bon, lè m ap pale pou pa kwè ke premye evidans Sentespri se ap pale an lang (mwen—mwen pa aksepte sa) mwen kwè avèk èd Bondye mwen ka pwouve nan Bib la ke se fo (ou wè?) paske pale an lang lan se yon don

Sentespri a. Konbyen moun ki konn sa? Gerizon divin se yon don Sentespri a, e la moun Beatles yo ap opere sa. Ou wè?

41 Satan ka imite nenpòt nan don sa yo. Sòsyè ak malfektè ka pale an lang pou entèprete l. Peyi nan jeng yo, anpil fwa yon sòsyè ka pale an lang, bwè san nan zo bwatèt mò, epi entèpete lang enkonni.

42 Nan Arizona lè nou te gen vye festival dans mayi a, Endyen yo te mare nan senti yo gwo tonton sèpan sa yo toutotou tay yo lè y ap eseye priye Bondye pou voye lapli pou yo sou pye mayi yo. Yo rele l dans mayi. Yo pran pay mayi a, yo mete toutotou yo, e yo fè on ti nyaj, epi yo danse. E divinò a soti ak kòn depoze sou tèt li, kòn bizon. Epi yo danse ak gwo sèpan sa yo toutotou yo, ak sòsyè epi anpil moun k ap fimen pip ak bagay konsa toutotou plas la...Yo pa t aksepte ankenn moun blan nan viwonn lan nan moman sa, men mwen te obsève yo atravè longvi, e mwen gen zanmi Endyen ki te ale nan dans yo a; sa ki pa Kretyen, natirèlman. E yo konn danse dans mayi sa ak sèpan sa yo nan men yo. E sòsyè a konn soti, pou koupe pwòp kò l ak kouto, ak tout lòt bagay, e finalman yo antre an espri, pou ap pale an lang epi entèprete sa.

43 Mwen gen...m te ka pran w drèt anndan la pandan twa oswa katrè apati de kounye a, kote yon medyòm ka depoze yon kreyon sou tab la, epi antre nan yon trans ak tout sòt de bagay, pou ap ajite men yo; e kreyon sa ap drese l dwat pou ap ekri nan lang enkonni, e sòsyè a kanpe pou ap di w kisa sa di.

44 Bon, sa se pa evidans Sentespri a. Ou wè? Ou pa ka repoze w sou sa. Ou pa ka repoze w sou fwi Lespri a, paske premye fwi Lespri a se lanmou. E Lasyans Kretyèn pwodui plis lanmou ke nenpòt moun mwen konnen, poutan yo menm renye Jezikri antan yon èt Diven. Ou wè? Gen yon sèl evidans Sentespri ke m konnen, e sa se yon fwa otantik nan Pawòl pwomès pou tan an!

45 Kounye a, Jwif sa yo te vini; yo te gen plis relijyon ke disip yo. Yo te pi byen antrene nan Lèzekriti ke disip yo, paske yo menm yo te pechè pwason, pèseptè taks, e latriye. E yo te gen vrè ak otantik fwa nan sa yo t ap fè a. Bon, tandè byen kounye a; piga w manke sa! Ou wè? Kan sa konsène manifeste fwi Lespri a, vin dou epi janti, mwen kwè pa t gen youn nan prèt sa yo ki pa t ap depase Jezikri nan sa. Li te al nan tanp lan, mare kòd, te gade yo ak kòlè, epi li te ranvèse tab yo, pou mete yo deyò nan plas la. Èske se vre? Bib la di Li te gade ak kòlè. Bib la di sa. Se egzakteman vre.

46 Kifè ou wè, prèt sa yo te janti, dou, dèzòm ak konpreyansyon. Kan sa konsène fwi Lespri a, yo te ka montre plis fwi Lespri ke Jezi te janm ka fè. Kan sa konsène teyoloji, yo pa t konn...jwenn yon lekòl kote Li te soti. “Depi kilè nonm sa te vini? Ki kote I te soti? Ki sòt de kat de manb li genyen? Ki òganizasyon li fè pati de li? Nou pa konn kote I soti. Li jis absoliman se yon moun yo rejte ki te gen yon nesans ilejitim. Enben, nou ka mennen I anba la nan kèk minit pou montre w dapre lalwa...” Yo te gen dwa fè sa yo t ap fè a kan li te kesyon de sa. Poukisa? Paske yo te echwe pou wè ke Li te Pawòl pwomès pou tan an. Sèl fason yo te rekonèt sa, se kan Jezi te akonpli Pawòl la lè L t ap di yo sa yo te gen nan kè yo, sa yo t ap fè...Li te yon Pwofèt dapre Pawòl Bondye a. Sa L te di a te rive, chak pawòl, mo pou mo.

47 Li te Pwofèt Bondye a, Sèvitè a, Bondye ki Pwofèt la. Pa...Se te—se te—anvan la se te, pwofèt Bondye a, men sa se Bondye Pwofèt la, pa pwofèt Bondye a. Se te Malachi, Jeremi, epi Ezayi, epi Eli, e latriye, men sa se te Bondye Pwofèt la, pa pwofèt Bondye a. Ou sezi sa kounye a?

Tout pwofèt yo ki te reflete vi Li pa pòsyon, te jwe wòl pa yo, men nan Li ou te jwenn Plenitid tout pwofèt yo. Pwofèt yo, Pawòl Bondye a te vin a yo menm, pwofèt yo, men Sa se te Pawòl la ak Pwofèt la, menm Moun lan. Ou wè?

48 Bon, kounye a, lè yon nonm resevwa Kris nan fason Li ye a, ou pa ka aksepte sa tankou se...Ou wè? Bon, kèk nan yo di, "Ebyen, mwen se Literyen." Ebyen, pa gen anyen kont sa, men Èg yo pa nourri yo de sa. Ou wè? Sa se te depi tout tan; sa se te manje fre pou jou sa.

"Mwen se Wesleyen." Se kòrèk, men w ap viv nan pase. Ou wè?

Kounye a, moun sa yo di, "Enben, nou gen Abraham pou papa nou."

Pwofèt sa te reponn, "Bondye kapab ak wòch sa yo sisite pitit pou Abraham." Ou wè?

"Nou fè pati de *sesi*. Nou fè pati de *se/a*."

Sa pa t gen anyen...Li te di, "Nou menm jenerasyon sèpan, kimoun ki aprann nou kouri pou chape kòlè a? Piga nou kòmanse ap di, 'Nou gen Abraham pou papa nou,' paske Bondye kapab ak wòch sa yo sisite pitit pou Abraham." Ou wè?

49 Kifè poutèt ou se yon teyolojiyen byen antrene pa t gen anyen pou wè avèk sa. Poutèt ou dou epi janti pa t gen anyen pou wè avèk sa. Kisa ki te rann Li diferan? Li te Pawòl la ki te vin lachè, pa Pawòl nan tan Moyiz la, Moyiz se te jou pase sa, Pawòl la; pa Pawòl pou tan Noye a, Noye te Pawòl pou jou sa; pa jou...Pawòl pou jou Eli a, Eli te Pawòl sa pou jou sa; men Li te Pawòl tan prezan an, e yo menm yo t ap viv nan pase.

50 Menm bagay la repete! Sa se evidans Sentespri a, se kan Bondye revele pou ou epi ou wè I, ENSI DI SEYÈ A epi aksepte I. Pa sa w ye, sa w te ye, oswa anyen konsènan sa, se sa Bondye te fè pou ou kounye a. Men evidans lan.

51 Jezi di...Li bannou evidans Sentespri a, nan Jan 14. Li di, "Mwen gen anpil bagay pou M di w. Mwen pa gen tan pou m fè I, men kan Sentespri a va vini, Li va di w, raple w bagay Mwen te di w yo, e Li va montre w tou bagay ki gen pou vini yo." Èske w pa wè I? Men

evidans lan. Se ap predi epi ap vin...genyen Entèpretasyon Divin Pawòl ekri a. Bon, èske sa se pa evidans yon pwofèt?

52 Yon vwayan nan Bib la se te yon nonm ki te kab fè yon prediksyon e sa t ap rive pafètman, egzakteman, pa yon moun ke yo te enpoze lè men, se yon don. Yon pwofèt te predestine e li ne pou l vin yon pwofèt. Ou wè? Li te yon pwofèt tout vi li, se yon fonksyon. Se la ke moun yo...

53 Gen plizyè nan kesyon sa yo isit la ki sou: "Bon, èske Epouz la pral ...?" "Èske sa a pral...?" "Legliz la ak..." Ou wè? Ou-ou pa ka rive fè distenksyon ak sa yo ye a. Epouz la se Eli Bondye a. Legliz la pase atravè... Se a moun sa yo ke yo te di: "Moun ki vle a, kite l vini." Men, Epouz la se Eli Bondye a.

54 Gen senk fonksyon ke Bondye chwazi. "Paske Bondye met nan Legliz la apot, pwofèt, anseyan, pastè, evanjelis." Se Bondye ki te fè l. Lòm gen dyak e latriye, ak tout lòt bagay yo, men ou wè, ebyen Bondye mete yo nan Legliz la pou pèfeksyon Legliz la; ou pa ka rive distenge yo...

55 Kounye a, Sentespri a, lè l vini, Li rann temwayaj a oumenm (ou wè?) ke Pawòl sa a se vre, Pawòl pou jodi a, pa Pawòl pou Litè, Pawòl la, pa Pawòl pou Moyiz. Nou admèt ke sa a se LaVerite, men se yon lòt epòk.

56 Kounye a, e si Jezi ta vini epi l ta di: "Ebyen, menm jan Moyiz te vin pou l fè nou tout soti nan peyi Lejip, mwen menm mwen vin mennen nou yon lòt kote"? E si l te di: "Ann al travay pou n bati yon lach. Mwen—mwen se Seyè Bondye a, mwen—mwen pral nwaye mond lan kounye a. Mwen pral nwaye mond lan, nwaye nou tout"? Enben, Li t ap soti andeyò... Ou wè, Ekriti a pa t janm di ke Li t ap vin konsa. Ou wè? Li pa t ap Mesi a.

Kèlkeswa kantite lach li te bati, oswa kèlkeswa sa L te fè. Li toujou pa t...Li pa t ap kalifye pou L se Mesi a. Alelouya! Men li! Se yon kalifikasyon! Wi mesye!

57 Premye Korentyen 13 fè konnen ke: "Lè sa ki pafè a rive, sa ki pasyèl la pral disparèt." Konsa tout ti bagay sa yo ap sote ponpe tankou yon ti moun piti ap eseye pale nan lòt lang, ak tout lòt bagay sa yo, lè sa ki pafè a...Epi jodi a nou genyen, avèk èd Bondye, entèpretasyon pafè Pawòl la ak yon konfimasyon diven! "Lè sa a, sa ki pasyèl la te fin pa disparèt. "Lè m te yon timoun, mwen te pale tankou yon timoun, mwen te konprann tankou yon timoun; men lè m vin yon nonm, m te renonse ak bagay timoun yo. Amèn! M ale pou ap preche e m pa fè mòd bagay sa yo.

**282. Frè Branham ...( Èske m te fini ak sa a? Èske m te pale sou resevwa batèm Sen an...Wi, se te sèlman sa, pa vre? Oke. Eskize m, si m pa rive reponn li, jis padone m. .. Mwen... Kesyon sa yo tèlman enteresan. Ou ta ka jis rete yon nwit antye jis sou yon kesyon, frè, e answit pa menm touche l.) Mwen apresye w kòm yon sèvitè Bondye, kwè ... e mwen kwè Mesaj Verite a. . Madanm mwen pa vle tande m... di anyen... di anyen sou Mesaj sa a, epi li pa vle tande okenn bann. Mwen gen pwoblèm nèvozite nan travay mwen tou. Mwen vle ke madanm mwen kwè tou epi priye pou pitit mwen yo. Frè Branham, mwen vle vin zanmi Bondye... Mwen vle gen volonte Bondye nan lavi mwen. Mwen vle vin sèvitè l. (Epi moun nan siyen "nan do a." Tann yon minit.) Lè m te pi jenn, mwen te di tout moun ke m vle vin yon predikatè. M pa konnen sa Bondye vle m fè. Mwen dispoze fè nenpòt bagay pou Seyè a. Respè nan non Seyè a.**

58 Kounye a, se yon bon kesyon. E mesye a sensè. Madanm li, konpay li ki se yon pati de li... Èske m ka ajoute yon bagay nan sa la a? Frè m yo, mwen di sa nan Non Seyè a. Youn nan jou sa yo, si Seyè a vle, mwen panse mwen pral jis pran devan epi anrejistre



bann sa a sou Maryaj ak Divòs (ou wè?), mennen l jis isit la nan tabènak la. Si l ap fè separasyon, nou pral jis dwe separe. Men, nou pral pwouve ke se Pawòl Seyè a.

59 Gade, frè m' yo. Tande sa a. Èske w konnen anpil fwa ou jwenn move konjwen an isit sou tè a? Li gen yon bèl pè je mawon, oswa ble, oswa gri ki andyoze w nan yon pwen tèl — ou pa ta dwe menm fè atansyon a li. Anpil gason reyalize sa.

60 Yon gason ki panse marye ta dwe dabò ale nan lapriyè. Ou pa ta dwe chwazi yon fanm paske l bèl, sou deyò, men bèl anndan l, youn ki pral yon manman pou pitit ou yo.

61 Mwen konnen sa a pral di pou tandè yon minis di sa dèyè chè a. Men m te konn ale ak-ak achtè betay lè m te nan Lwès. Nou te konn achte betay pou fè elvaj, epi yo te vle kòmanse yon twoupo bèt. Epi m te aprann anpil bagay la ba a ki ... pandan ke m t ap obsève vandè piblik sa yo ak bagay sa yo ke yo t ap fè, achtè sa yo. Mwen te konn ale ak yon ansyen zanmi, ki konn vin legliz isit la avè m, epi mwen te mennen l a Kris la, yon vrè enfidel pou kòmanse, Mesye Jeverez . Anpil nan nou sonje l, yon elvè ki sot Colorado. Nou ta al la a, epi yo te konn antre ak...yon bèf. Mwen te wè yon ti bèf femèl yon jou te vann pou onz mil dola, jis yon ti bèf; li potko janm kwaze. Epi m te di... e Jeff te di, "Si mwen te gen lajan an, mwen ta mete l nan ti bèf sa a." E m te panse, "Ebyen, li se yon elvè bèt; li konprann biznis li." Mwen te di, "Jeff, poukisa w ta... Kisa kalifikasyon an ye? Li se yon Hereford. Sa a te vann pa gen lontan de sa pou twasan dola, pou mwen, sanble ke l pi gwo ke yon bebe bèf ak tout bagay konsa.

62 Li di: "Gade, Billy, gen yon bagay ou pa konprann nan achte bèt." Li te di: "Mwen panse w ta dwe rete nan domèn ou ki se predikasyon." Men, li te di, "Ou pa konprann betay." Li te di, "Kounye a, gade ti femèl bèf sa a anba a." Nou te al jis anba a la. Li te di: "Ou wè gade rega sovaj sa a ki nan je l yo?" Mwen te di, "Wi." Li te di: "Pitit li yo, ak pitit pitit li yo, aryè pitit pitit li yo ap toujou gen rega sovaj sa a." Li te di: "Yo pral rann tèt yo inital.

Yo p'ap janm yon manman pou ti bèf yo." Epi li di: "Ou pap janm ka angrese yo; yo p'ap janm ka bay vyann." Li te di, "Gade ti femèl bèf sa a ki te vann isit la. Gad jan li parèt dou. Gad rega pèzib sa a nan figi l', rega janti sa a, li pa gen yon jan de rega fiks." Li te di: "L ap yon vrè manman pou pitit li yo; epi ti bèf li a, ak ti pitit pitit li yo, epi pitit pitit li yo ap toujou kontinye konsa." Epi li di, "Yo tout pral manman, si yo ka jwenn bon kalite towò bèf sa a pou kwaze ti femèl bèf sa a (ou wè?), pou l fè pitit li yo. Men rega fiks nan figi sa a toujou ap bay yon bann bèt san valè, si yon moun ap eseye achte bèt." Mwen te di, "Wi, mesye! Mèsi."

63 Epi menm bagay la ka aplike pou fanm yo. Ou pran youn nan yo ak figi-pentire epi ap fikse w nan je, ki sanble ak yon jan de zannimo, ap eseye defigire tèt li pou l pa sanble a yon èt imen, li pap janm ka fè anyen. Li pral trennen tout tan. E Kretyente se pa bote sou deyò a, se sou anndan an: ki se lapè, trankilite, se prezante tèt yo ak espri lapè, trankilite, ki se yon gran pri devan Seyè a. Se sa nou vle chèche nan yon fanm, nan yon gason, oubyen nenpòt moun li ye a. Kounye a...

**283. Frè Branham: Kesyon: Èske yon fanm kretyen ta dwe met bijou ki senp, tankou kolye oswa pèl?**

64 Ebyen, Sè, mwen konnen sa vle di anpil pou ou, e sa vle di anpil pou mwen dèske w plase konfyans ou ke m ap di w verite a. Kounye a sonje, Bib la te di: "Lè w ap abiye w, pa abiye w avèk—avèk bijou ki koute chè, pèl, ak tout jan de bijou ke yo pote, men ke sa se abiman lapè, trankilite, ak dousè Lespri (ke m fèk sot site la), ki se yon gran pri devan Seyè a."

65 Bon, m pa vle di pa la, Sè, ke si w te gen yon bròch...Kounye a, sa a se mwen menm, pa Seyè a. Si te gen yon bròch ke w te vle mete, oswa yon ti kolye mari w ba ou, oswa petèt ou ... yon bagay konsa ke w te konn mete, kounye a, pou mwen, mwen pa panse sa

a se mal. Kounye a, sa se jis mwen. Bon, sonje, mwen klè sou sa; se opinyon mwen. Men, mwen panse ke se nan apwòch ou fè avè l la; se fason ou fè l la. Ou wè? Se motif ki dèyè l la. Epi lè w wè l ap pran kontwòl sou ou, Lè sa a, kite bagay sa trankil. Men mwen panse si w te met bag maryaj ou a...

66 Kounye a, mwen konnen nou menm Nazareyen yo, te gen yon lè nou pa t menm batize yon fi ki gen yon bag maryaj nan dwèt l. Ou wè? Mwen—mwen pa kwè, ke l nesèsè. Nan Bib la yo te mete bag maryaj, sèlman yo te rele l yon kolye, toutotou tèt yo, ak nèf pyès monnen ladan l. Men, mwen... pou montre ke yo te marye. Ebyen, mwen panse ke sa se kòrèk.

67 Si fi a vle abiye epi—epi vle fè l parèt desant, pwòp, tankou yon dam, ebyen, m panse pa gen anyen nan sa, dapre mwen. Men, lè w pral mete bagay sa a pou al chache yon ti fyète, lè sa a, ou nan erè. Se nan atitid ou.

68 Èske nou menm fi yo, sonje isit la pa gen lontan yo te gen sa yo rele "jip eskandal sa yo"? Mwen panse ke y ap vin avèk yo ankò, oswa yo vin pi mal. Se... Wi, yo te, "imoral" kounye a, olye de, "eskandal." Men, yo te konn fè yon pyès teyat pa gen lontan... Yo te gen ti jèn fi yo, jèn demwazèl yo... E sètènman, granmoun yo te fè l tou, paske yomenm tou vle vin jèn. Mwen pa vle di nou menm sè yo, mwen vle di medam nan mond lan. Apre sa, yo ta koupe—jip yo vrèman kout, apeprè wotè yon pye chak fwa, apres sa yo met yon kalite souvètman ki parèt bèl. Epi lè yo fè yon pa, sa montre souvètman ak dantèl la, ak volan yo, oswa kèlkeswa sa k te sou li a. Sa ke, ou konnen...

69 Te gen yon—yon tifi ki te vin kote m, li te youn nan jèn fi Dunkard yo, ki te fèk resevwa Sentespri a. Li te fè pati Asanble de Dieu yo, e sa te nan Fort Wayne, Indiana, kote mwen te marye. Epi li te vin kote m, yon bèl ti dam, e l te di: "Frè Branham, mwen vle poze w yon kesyon." Mwen te di: "Oke, Sè, kisa l ye?" Li te di, "Èske w panse li pa bon pou yon

fi—tifi kretyen mete yon 'jip eskandal'?" Mwen te di, "Sè, sa a se yon bagay mwen—mwen jis pa ka konprann. Ki sa yon 'jip eskandal' ye?" Epi l te di m 'sa li te ye. Mwen... Li te di, "Sa fè wè jipon w."

70 Mwen te di: "Kisa k pran yon fanm pou ta fè l vle montre gason souvètman li? Kisa k ta...Kisa—ki sa yon jèn fi kretyen ta genyen pou fè yon bagay konsa? Èske w ka imajine yon kretyen?"

71 Kounye a, gade, yon nonm, se pa yon pakèt bagay pou li lè l kesyon de kò. Epi li, si l t ap mache mwatye toutouni, sa ta—pa t ap yon eskandal. Pa ke m ap pran pou mesye yo, men yo... Ou konn sa—ki sòt de fanm ki ta tante pa yon gason do touni ak yon bout pantalon oswa kèlkeswa sa l te genyen an? Gwo vye bagay ak aparans mabyal sa a, ki parèt sal epi malad, mwen... se tèrib. Gade mesye sa yo deyò a... Ebyen, mwen panse ke sa ta fè yon fanm vomi pou l gade yon bagay konsa. Si l te gen... Men kounye a, ou pran yon fanm epi mete l konsa, sa se yon tanp diferan. Ou konprann? Se sa.

72 Men, mwen panse si se pou yon kolye, oswa...Bon, si w al chaje kò w tankou lè w pase nan magazen dezyèm men anba la a ak yon leman sou ou, mwen—mwen panse ke... Eskize sa m di a, mwen pa t vle di sa konsa, men sa—sa pa kòrèk.

73 Si gen yon bagay ki te fè m vire kont pou yon premye fwa...fè m wont pou Amerik la, se te...Mwen te nan peyi la Swis yon jou, e frè Arganbright avè m te jwenn yon bon kote bò Lausanne kote nou te ka jwenn yon gwo bon steak, apeprè gwo konsa, li te peze apeprè twa ka liv, mwen kwè, pou anviwon trant santim an ajan Ameriken. O, nou t ap viv tankou wa! Chak jou nou te konn desann la a. Epi tout moun ki la yo bwè diven, ou konnen; dlo yo a pa bon. Epi mwen pa t ap bwè diven sa a, kidonk mwen te achte yon ti bidon nan... yon famasi ki te gen dlo trete. Epi mwen mennen bidon sa a tout kote m te ale. Mwen kwè tout moun te panse, "Ti jennonm sa a pote pwòp mak diven pa l." Kidonk

m te genyen l nan men m. Nou te desann al nan plas sa a kote tout- yo vann vyann sa yo, epi yon jou Manzè Amerika te rive nan machin li. Nan yon Chevwole modèl 28, ak yon ti chen ras kanich chita sou janm li epi li mennen sa a la andan an la, epi l te gen ase... medam sa yo te gen ase bijou magazen dezyèm men sou yo, gwo bagay, men longè, ak zanno, ki pandye jouk anba, ak penti; epi yo toude gen senkantan, menm laj avè m. Epi w te ka kwè yo te vle gen kenzan. Men kisa y ap eseye fè? Y ap eseye kondwi sou wout lavi a ap gade nan retwovizè pa dèyè, ap tounen gade sa yo te konn ye.

74 Kounye a, kretyen pa fè sa. Yon kretyen p ap eseye vin sa li te konn ye; li p ap gade kote l te ye, li gade kote l prale. Ou wè, ou wè? Pa fè atansyon a sa w te ye nan tan sa a; ou te fin viv lavi sa a. Ou p'ap janm retounen sa; sa se te nan tan pase a. E nenpòt moun k ap kondwi sou wout lavi ki ap gade nan retwovizè pa dèyè pral fè aksidan; epi se sa k pral rive w sou wout kretyente sa a. Pa gade dèyè a sa w te ye, gade a sa w pral ye. Pòl te di: "Mwen bliye bagay ki te nan tan lontan yo, m ap fè efò pou m al nan direksyon vokasyon selès la."

75 Kidonk, men sa fè nou wont. Yo mennen vye ti chen santi sa a, yo mete l sou tab la! Ebyen, sa ta fè nenpòt moun vomi! Apre sa, yo t ap jwe ak chen sa a menm kote a, depoze l la menm ak men yo, e apre sa yo pral manje ak menn men sa yo! Epi sèvè a te apwoche la, li bougonnen yon bagay. Doktè Guggenbuhl te avè m; li te kòmanse ri, li vire tèt li. Mwen te di, "Kisa ke— kisa l te di?" Li te di: "Sèvè a te di, 'Fèm pa wè sa la a!'" Yo te di: "Non, manzè se yon Ameriken; kite l frankil li." Nan lòt mo, "Li pa konn sa k mye." Ou wè?

76 Lè m rive San Angelo nan lavil Wòm (kounye a, panse a sa), nan Vatikan nan lavil Wòm, Itali, yo te gen yon ansèy nan San Angelo: "Pou medam Amerikèn yo: Anvan w antre nan katakonb sa a, tanpri mete rad sou ou pou onore mò yo"; legliz katolik la. Ou wè?

**284. Kesyon: Frè Branham, ki kote Epouz la pral ye lè tè a eksploze epi boule? Èske sa pral yon kote tankou ti moun Izrayèl yo te ye nan Gochenn lè flewo yo t ap tonbe? Èske Epouz la pral sou tè a pandan sa ap fèt? Si se konsa, ki kote? Epi èske Epouz la pral yon sèl kote nan moman anlèvman an?**

77 Epouz la, lè tè a eksploze... Moman anlèvman an pral revèy moun ki mouri yo e rasanbleman moun ki vivan yo, pou... epi moun ki vivan yo, pou ke anlèvman an fèt. Kounye a, men Epouz la ...Bon, ou wè, youn nan yo se yon anlèvman lontan anvan milienyòm lan. E lè tè ki boule a te tounen la apre milienyòm nan e apre Jijman Twòn Blan an. Ou wè? Sen yo pral kanpe sou tout sifas tè a lè Satan vin envayi Vil byeneme a epi Bondye ap fè lapli dife ak souf soti nan Syèl la pou detwi yo. Dakò. Kounye a, sa a se selon Ekriti a.

**285. Epitou, Frè Branham, mwen kwè ke yon fanm ta dwe soumèt ak mari l. Men, si yon fanm kretyen gen yon mari pechè ki pa menm nan youn nan sèvis ou yo ... vin nan youn nan sèvis ou yo epi li pa vle ... epi li vle pou madanm li ap fè dè bagay, jan koupe cheve l, mete bout pantalon, epi frekante zòn enpi, èske fanm sa a sipoze soumèt a gason sa nan fason sa a? Tanpri eksplike sa pi klè, paske se yon kesyon ke yo poze souvan.**

78 Non, Sè, ou pa soumèt a yon jan de moun konsa. Non vrèman pa. Pou rezon sa a ou pral kite tout bagay epi atache w ak Bondye. Kounye a, bagay la... Si w vle... nonm sa vle viv avèk ou, epi w se... rete yon kretyen... Men, si li pral fè w mete bout pantalon, koupe cheve w, epi fè tout lòt bagay sa yo, al kote ki malsen, ou dwe chèche wayòm Bondye a ak jistis li an premye. Ou pa lye ak yon moun konsa. "Men, osi lontan," Bib la di, "depi sè a kontan epi mesye a kontan rete ansanm (raple w sa?), kite yo..." Epi kounye a, sa yo,

mwen pa t note Ekriti yo, ' paske mwen fèk pran yo (ou wè?) sa fè kèk minit. Mwen pran youn de tanzantan ke m pa t gen tan ...

79 Men, Pòl te di ke osi lontan ke yo...mari enkwayan an gen yon madanm enkwayan...oswa yon madanm kwayan oswa yon bagay konsa, se pou madanm ki kwè a rete ak mari ki kwè a, toutotan li pa kontrè ak Bondye kounye a. Si l kontan rete avè l ...“ Ale non, cheri, si w vle al legliz, se kòrèk; men mwen m pa prale. Mwen pa kwè nan sa; m pa gen anyen pou wè ak sa. Men ou mèt ale; se kòrèk.” Men, lè l di, "Ou pa ka fè sa," kounye a se yon bagay diferan. Alòs, ou pa lye ak sa; ou separe w de tout bagay pou Bondye.

**286. Frè Branham, èske (Ann wè.)... yon moun ki gen yon—ki gen yon konpayon vivan, divòse ki remarye anvan l vin nan Mesaj la ka preche?**

80 Ebyen, nan Premye Timote 3:2, si w vle note sa, ak Tit 1 jiska 6 (mwen te note sa ), mwen vle w li sa pou kesyon sa. Ou wè? Si yon nonm—si yon nonm vle jwe wòl yon evèk oswa yon predikatè (yon bagay oswa yon lòt nan legliz la), li dwe gen yon sèl madanm. Se ekzakteman sa! Yon predikatè. Kounye a, se Premye Timote 3:2, ak Tit 1 jiska 6. Kounye a, Tit 1 a 6, wi! Trè byen. Kounye a, remake ke Bib la di ke nonm sa a ki se yon minis nan kay Bondye a ap gen yon sèl madanm. Bon.

**287. Chè Frè Branham, sa gen apeprè dizan, Bondye te rankontre m, la menm, epi te geri sa ki se don lanmou an, oswa, te revele sa don lanmou an te ye, e menm lè a, priyè m se pou... pou ke m retounen. Èske m ap resevwa l anvan m mouri? Èske mari m va tande Pawòl la, e kisa pou m fè?**

81 Sa a se plis ke yon kesyon. Bon, li te di...Kounye a, sa ki la, oswa kiyès...li te di, "Mari m," kidonk mwen ta kwè ke sa ta dwe dam nan ki ta di sa. Ebyen, li te pèdi premye lanmou

li. Ou wè? Li—li te refwadi nan Lespri. Kounye a, Sè, petèt ' paske w toujou vin legliz epi fè sa k dwat, ou pa t pèdi sali ou, men ou te pèdi lajwa Sali ou. Yon fwa, David te kriye nan pye Seyè a, li di: "Seyè, ban mwen lajwa sali mwen." Ou toujou yon kretyen, men mwen... sa w vle fè, Sè, se libere w de tout sa ou kapab, epi chèche Bondye, epi lapriyè.

82 "Èske mari m ap tande Pawòl la, e kisa pou m fè?" Jan m te di maten an, se pou nou sale: "Nou se sèl tè a." Mari w pral siveye lavi entèg ou a, e mari a ki se yon enkwayan pral sanktifye nan Seyè a atravè madanm ki kwè a. Jis chèche Seyè a, rete enb, epi priye tout tan, bay Bondye lwanj, epi fè jantiyès ak mari w toutotan li vle viv avèk ou nan jan sa a.

**288. Pou sèvis dimanch yo: Si yon fanm fè sa k mal ak yon ...( Koulye a, tann yon minit; li mye pou m li sa a mwenmenm dabò. Ou wè? "...ak yon gason marye, li repanti epi met sa annòd dapre... èske I bezwen pou...madanm ak mesye ki enplike a, menm si madanm sa a pa okouran de anyen..." oke. Sa a se byen.) Si yon fanm annafè ak yon—yon gason marye, vin repanti epi met sa annòd ak mari I dapre Ekriti yo, èske I bezwen al wè madanm nonm ki enplike a, menm si madanm sa a pa konn anyen de sa; oswa èske se devwa mesye a pou I di I an premye; oswa èske I bezwen gen plis lapenn ke sa? Ki pi lwen nou ka ale pou retabli sa lè tout bagay fin regle nèt, sitou lè gen zanmitay ladann?**

83 Ebyen, chè Sè m nan, gen yon sèl bagay ou fè ki byen. Ou te enplike, mwen devine, oswa yon moun ke w konnen ki te enplike, nan yon move zak, ke w te pran mouche yon lòt fanm epi w te annafè avè l. Epi lè w te fè sa, se la ou te kite lagras ou. Apresa ou te repanti, epi ou pa t kab repanti toutotan w pa t tounen kot nonm sa a epi mete sa annòd. Ou dwe pran mari w pou w al kot mesye sa, sa ke w te fè. Epi se bagay sa ou ta dwe fè; se dapre Lèzekriti, ou ta dwe fè l.



84 Yon dam te vin jwenn mwen pa gen lontan de sa isit la menm nan Louisville, limenm, lè l te yon jèn fi, li te annafè ak yon gason epi—epi lè sa li...Li te konnen li t ap fè sa k mal. Apresa li kite vil la, e l te ale nan yon lòt vil byen lwen, li te chanje non l, ret kay kèk lòt moun.

Epi nonm sa a te swiv li, pou di l lè l te rive la, li te gen prèv kont li. Li ta dwe toujou rete yon madanm deyò pou li osinon li t ap pale de sa. (Men lè manzè te rive la, li te marye ak yon bon gason kretyen.) Epi li te di si manzè pa fè sa, li t ap gaye tout bagay la, fè menas sou li; se poutèt sa, li te oblije viv ak toude mesye yo, ki mal sa l te fè a, olye pou l te montre koulè l depi nan kòmansman an. Apresa li te fè yon ti moun, e kounye a, tifi a gen apeprè dizwitan epi li pa konn kiyès nan yo ki reyèlman se papa l. Kounye a, li vin antre nan menopoz, epi sa vin ratrape l. Bon, kisa l ka fè? Mwen te di, “Gen yon sèl...” Li te di, “Si m di mari m, l ap kite m; epi si mwen... pitit fi m nan konn sa, l ap touye tèt li.”

85 Epi m te di: “Si w kenbe l nan kè w, ou pral nan lanfè. Ebyen, se oumenm ki pou deside.” Gen yon sèl bagay pou w fè, se fè yon netwayaj nan tou sa. Se egzakteman sa. Fòk ou onèt.

86 Ou konnen, anpil fwa nan vizyon yo, jan ke moun yo avanse, fanm kou gason; Sentespri a derasinen bagay yo te fè nan vi yo epi (ou te tandè pale de sa e nou te wè li, nou konnen. Ou wè?), epi te di yo sa ke yo te dwe fè pou sa.

Yo di, “Bon, mwen—mwen deja regle sa ak Seyè a.” Men, ou gen devwa pou al kot mari w oswa madanm ou pou di yo sa. Se vre. Ou sipoze konfese sa.

87 Ebyen, moun sa, si se limenm ki koupab, manzè te fè sa; li te al kot mari l. Kounye a, ou te libere konsyans ou, Sè, paske ant...Ou—ou te komèt adiltè kont mari w. Ou te ale kot mari w epi w te devide konsyans ou bay mari ou, ou te al kot mesye a mari a epi ou te

netwaye tèt ou la menm. Ou klè nè. Si mari w kontinye—vle viv avè w, se zafè pa l. Li pa oblije fè l kounye a, men li—men si l vle viv avèk ou epi li padone ou, Lè sa a, ou dwe ranmase pye w pou pa janm koupab de yon bagay konsa ankò. Men, si li pa padonnen, alòs sa se limenm—se pwòp biznis li. Li ka kite w tonbe. Se egzakteman sa.

88 Men kounye a, nonm ke w te komèt zak avè l la, kounye a, se li menm ki dwe al kot madanm li epi pran madanm li e tounen vin jwenn ou. Ou te fè pati pa w la, kounye a li lè pou l fè pa l la. Ou wè? Dezyèm faz la...

89 Dam sa a te fè zak la ak mesye a, epi li te pran mari l, li te konfese sa, manzè te al bò kote mesye a epi li te konfese l, epi li te regle sa. Kounye a, lòt mesye a te yon nonm marye tou; kounye a, li gen pou l ale kot madanm li epi pran madanm nan e tounen vin kot madanm sa a. Apre sa, tout bagay te regle. Ou wè sa m vle di? Lè sa a tout bagay te fini. Men, andeyò sa, w ap toujou koupab, epi nan fon kè w w ap kondane.

90 M te resevwa yon fanm sa pa gen lontan anwo a la ki te gen sa depi Premye Gè Mondyal la. Epi l te di: "O, Frè Branham." Li te depanse dè santèn de dola kay sikyat ak bagay konsa. Mwen te chita la ap obsève l nan sal sa. Meda te mennen l la. Li te chita la, t'ap tòde yon mouchwa nan men l konsa, li te di: "Mwen santi mond lan pral eklate, e mwen..." tout bagay konsa. Mwen jis kontinye ret chita la. Mwen te di, "Kounye a, gen yon bagay sou... Ou te gen yon bagay ki rive nan vi w yon kote?" "Non, mwen se yon pwofesè lekòl di dimanch." Mwen te di, "dakò." M te chita la yon ti moman pou ap obsève. Mwen te di, "Mwen wè yon ti machin vèt, epi oumenm avèk yon mesye ki gen cheve blon, epi yon tren prèske frape machin nan." ...?... Li di: "Piga w di pèsonn sa!" Mwen te di, "Mari w te nan lame nan epòk la." Li te kòmanse ap rele, li te vole anlè, "Pa di pèsonn sa." Ou wè? Sa te byen fon nan enkonsyan li. Li te di, "Mwen te konfese sa bay Bondye sa gen lontan."

91 Mwen te di, "Men, tann yon minit. Ou pa janm fè Bondye okenn mal. Ou fè sa k mal a maryaj ou. Ou dwe tounen bò kot mari ou epi mete sa annòd anvan." Li te di, "Li pral kite m'." Mwen te di: "Bondye kite w de tout fason. Alòs Kounye a, kiyès ou vle pou kite w?" Mwen te di: "Al kote l." Epi li te di, "O, mwen—mwen...L ap fè sa, epi m te gen de pitit." Mwen te di: "Bon, se tout sa m ka di w. Sikyat pa janm fè sa soti nan ou, men Sentespri a te revele l; epi m pa t janm rankontre w nan lavi mwen." Li te di, "Se egzakteman sa!" Li te di: "Ebyen, mwen—mwen jis pa ka di l sa." Mwen te di, "Oke, mwen... mwen te kontan rekonèt ou." Li Te al nan lòt sal la, epi l te tounen antre la. Meda te di, "Li vle wè w la ankò." Mwen te tounen anndan an; epi mwen di: "Kisa w vle?" Epi li te di: "Frè Branham, mwen pa ka di mari m sa!" Mwen te di: "Mari ou se yon nonm ki gen cheve nwa." "Wi!" Mwen te di: "Li gen menm bagay la pou l konfese a oumenm." Li te di, "O, pa mari m!" Mwen te di, "Ou ta fè mye al chache l epi vini la." Mwen te di: "Èske w konnen yon dam kèlkonk, ak yon rad woz, k ap travay nan biwo yon sòt de konpayi otomobil?" Li te di, "Se vre!" Mwen di: "Èske se pa konsa ke yo rele l?" "Wi!" Mwen te di, "Sa gen de semèn yo te ret anba yon pye bwadchèn epi... nan yon ti machin Chevrolet mawon ki gen tèl e tèl nimewo plak, epi yo t ap komèt menm zak la." Li di, "Se pa mari m!" Mwen te di, "Ebyen, al chache l epi mennen l la." Li te ale. Nan kèk minit, men yo ki te tounen. Li di: "Se laverite!" Mwen te di—mwen te di, " Ou wè? Kounye a, al pale ak Bondye!"

92 Men dabò, lè w vin devan lotèl la epi w sonje gen yon bagay ki pa an règ, ale anvan epi mete sa annòd. E osi lontan ke lòt pati sa a ki isi a koupab poutèt li pa di madanm li... Madanm sa a te mete l annòd. Kounye a, se tou pa li menm ak mari l. Men lòt nonm sa a ak madanm li dwe mete sa annòd. E ou pa kapab...Kèlkeswa sa w fè, sa pral toumante w toutotan w ap viv jiskaske ou netwaye sa nèt. Gen yon sèl fason pou fè li: Konfese li. Si sa dwe retire po w sou kò w, fè li kanmenm. Di laverite, Lè sa a ou va aji kòrèkteman. Amèn!

93 Mwen ka tandè anpil bagay sou bann lan k ap di: "Sa pa bon." Men jis eseye l yon fwa epi gade si se pa sa. Trè byen.

**289. Kesyon pou dimanch maten:** (Ekskize m se pou kounye a, men...) **Nan moman nou resevwa Sentespri a, oswa batèm Sentespri a, èske gen yon diferans? Èske moun lan pale an lang? Si se pa toujou sa, ki manifestasyon ki genyen?**

94 Ebyen, èske w ka imajine yon manman k ap akouche yon tibebe e li pa konnen sa? Li ta dwe san konesans pou l pa konnen sa. Ou pa ka resevwa Sentespri a tou san w pa konn sa. Gen yon bagay ki pran plas nan ou. Ou wè? Gen yon bagay ki chanje ou. Tout

sistèm ou, tout sistèm espartyèl ou vin tou nèf, epi ou vin tounen yon nouvo kreyati an Kris, jan Bib la di li, yon *nouvo kreyasyon* an Kris. Ou konnen sa.

95 Kounye a, ou di: “Frè Branham, alò ou pa kwè yon moun ta dwe pale an lang pou resevwa Sentespri a.” Pa pou pwouve li gen Sentespri a.

96 Mwen ta renmen ke chak manm nan legliz mwen pale an lang. Mwen ta renmen yo fè sa, e si...Mwen kwè si ou mande Bondye, Bondye ap ba ou l. Men kite m di nou; Mwen konnen anpil moun ki pale an lang epi ki pa gen Sentespri a. E pa gen okenn minis ki sensè ak tèt li epi ak kongregasyon li ki p ap di menm bagay la a kongregasyon li. Dyab la ka imite sa.

97 Pòl di: “Menmsi mwen pale lang lèzòm ak zanj yo, menmsi mwen bay kò m pou boule kòm sakrifis, menmsi mwen konprann tout mistè Pawòl la, menmsi mwen bay pòv yo tout byen mwen yo, ak tout bagay sa yo, epi si mwen pa gen charite, mwen toujou pa anyen. Si mwen gen lafwa pou m ka deplase mòn yo ak lòt bagay; Mwen pa anyen toujou.” Answit li di: “Sa ki pasyèl la pral disparèt lè sa ki pafè a vini,” oswa, “lè sa ki pafè a pral revele.”

Bon, mwen gen yon kesyon sou sa. M espere m ap rive sou li aswè a, se apwopo sa k te pase lè So yo te louvri. E mwen panse ke petèt sa pral rann li klè pou ou, pou kesyon sa a.

**290. Kesyon: Frè Branham, kisa nou dwe fè? Yon bagay anvayi m e mwen pa kapab debarase m de li. Otòn pase a, mwen reve mwen te pèdi nan sab blan. Li te kòmanse ap fè nwa; Mwen pa t kapab jwenn chimen mwen. Rèv sa a rete avè m depi otòn pase a. Kounye a, mwen tankou yon moun k ap tatonnen nan fènwa. Pitit gason m lan (Erv-...), Ervin, ak madanm li te enkli nan rèv mwen an. Bon, yo menm tou yo nan fènwa. Nou about—nou about. Mwen kwè Bondye pral montre w sa ki—sa ki**

**nan kè nou kounye a. (Madanm...O, trè byen.) Si nou fè sa ki mal oswa si nou fè peche, di nou. Nou vle mache dwat.**

98 Mwen pa konnen dam lan, men mwen jis santi si ou la, madam, men kote pwoblèm ou an ye. Ou kite yon bagay rive ou ki fè ou nève, paske lè w nan *sab blan* sa reprezante “bagay pi ak jistis”. Epi w ap jis kite Satan mete yon twoub sou ou. Rèv ou a te pwouve ke pa gen anyen ki mal. Ou tou senpleman nève, e lè w fè sa epi panse sa a, w ap fè rès fanmi ou nève. Sispann fè sa; reklame dwa Bondye ba w yo. Rèv ou a pwouve pa entèpretasyon an ke ou *nan* sab blan. Tout bagay anfòm. Se oumenm, pou tèt pa w, ki nève.

99 E kite yon manm nan fanmi an vin nève, li ale sou pwochen manm lan, epi pwochen manm lan, epi premye bagay la nou tout pran fache youn kont lòt san rete. E yon manm nan fanmi an vin yon jan fache sou yon bagay, sa fè lòt la fache, epi lòt la, epi lòt la, premye bagay ou konnen tout fanmi an kòlè. Se Satan. Alò si yon manm nan fanmi an nan lajwa, se pou rès lòt yo rejwi avèk li. Kidonk se pou chak manm nan fanmi an eseye fè sa.

100 Nou chak timoun yo, eseye ede papa nou, manman nou. Mama, ou... Papa, eseye ede timoun yo. Pa kite lespri tris sa, enkredil sa vin bò kote w. Ou se kretyen. Ou fèt nan Lespri Bondye a. Ou reprezante sèl tè a. Ou gen dwa Bondye ba ou. Epi Bib la di: “Si gen nenpòt lwanj, si gen nenpòt vèti, reflechi sou bagay sa yo.” Pa panse osijè move bagay.

Epi Sè, mwen panse se pwoblèm ou an sa, chè Sè.

Mwen te kapab rete sou sa yon bon bout tan, men dapre sa mwen te pwomèt la, jis ven minit...Epi mwen ta renmen jwenn menm kantite sa yo...si se pa sa, remèt li sou biwo a e mwen va jwenn li ankò.

**291. Gen moun ki di Frè Branham se Fis de lòm lan. Mwen te panse se Kolòn Dife a ki se Fis de lòm lan. Èske mwen fè erè?**

101 Ebyen, sa se yon bon kesyon, trè bon. Men se pa mwen ki Fis de lòm lan, men mwen se yon fis de lòm. Gen tout on diferans. Jezikri te Fis de lòm lan, Fis de Dye a, Fis de lòm lan, Fis de David.

102 Bon, rezon ki fè yo te poze pwobableman kesyon sa a bay moun lan oswa yo te di li, se paske moun yo konsidere m kòm yon vwayan, sa m pa t janm genyen...Mwen gen yon kesyon isit la ki jis kritike m fò sou sa. Ou wè? Men, mwen—mwen—mwen...ou—ou...Lè mwen li kesyon sa yo, w ap wè poukisa mwen reponn bagay yo jan mwen fè a. Jiskaske mwen definitivman kondui pou m fè yon bagay (ou wè?), Lè sa a mwen va—mwen va di sa mwen dwe di. Men lè sa a poko rive.

103 Kidonk, se pa mwen ki Fis de lòm wen an. Mwen pa pretann mwen se pwofèt Li. Anpil fwa mwen di li san m pa pran konsyans m t ap di sa, mwen sezi tèt mwen sou bann lan. Men mwen di ke pafwa, paske si ou vle bay li an tèm, yon *pwofèt* se nan tèm angle a se senpleman "yon predikatè." Nenpòt moun konnen sa; pran diksyonè a. Ou wè? Yon *pwofèt* se "yon predikatè" dapre diksyonè angle a. Men dapre Ebre oswa Grèk la, yon *pwofèt* se "yon vwayan, yon moun ki prevwa bagay e ki predi bagay". Men dapre entèpretasyon angle a, yon *pwofèt* se "yon vwayan."

104 Kidonk mwen pa vle rele tèt mwen anyen lòt ke frè ou. Mwen se frè ou, e jis konsidere m kòm Frè Bill, oswa Frè Branham, oswa kèlkeswa sa ou vle fè sou sa. Se—se—se byen, se—se fòm idab. Sa ou kwè, kenbe sa pou tèt ou. Ou wè?

105 E kounye a, ki lòt kesyon sa te ye? Mwen vin tèlman anbale nan sa yo, mwen bliye ki sa bagay yo te ye. Youn nan yo te: "Èske se mwen menm ki Fis de lòm lan?" epi... Men

sa mwen kwè. "...Fis de lòm lan oswa èske Kolòn Dife a se Fis de lòm lan?" Non! Kolòn Dife a se Lonksyon an.

106 Kolòn Dife a...Koulye a, sa a ka ale yon ti kras an pwofondè sòf pou kèk nan nou, teolojyen yo, Doktè Vayle, pwobableman Frè ki isit la, ak kèk nan minis sa yo isit la ki soti Arkansas, ak bon zanmi m yo ki la, yomenm, yo ka pwobableman konnen.

107 Bon, Kolòn Dife sa a se *Logos* la ki soti nan Bondye. *Logos* la, ki se an reyalyite atribi Plenitud Bondye a. Lè Bondye vin pran yon fòm kote yo te kapab wè Li, Se te Lonksyon gran Espri a ki te soti, Li bese Tèt Li, Li desann, Bondye, Papa a, *Logos* la ki te anlè Izrayèl, ke... Li te sen, Li pa t kapab sipòte peche. Te dwe gen yon ofrann san drèt nan Edenn. Alò *Logos sa a* te vin fè L chè e Li te abite nan mitan nou; epi kote *Logos sa a* te abite se nan yon kò imen, ki te sakrifis la...

108 Lè lòm te fèt dapre pòtre Bondye... Epi alò Bondye te desann nan pòtre lòm lan pou rachte lòm; sa ki te rapwoche lòm ak Bondye ansanm. Syèl la ak tè a te anbrase epi bo youn lòt; Bondye ak lòm te anbrase youn lòt nan Patènite a ak filyasyon an lè *Logos la* te vin fè L chè e Li te abite nan mitan nou.

109 Jezi di: "Mwen soti nan Bondye, epi mwen prale nan Bondye." Eske se vre? Apre lanmò, ansevelisman, rezirèksyon, ak asansyon Li, lè yo te pran kò a pou mete l sou bò dwat Bondye...Bon, mwen pa vle di Bondye gen yon men dwat, Bondye se yon Espri. Men, *sou bò dwat la* vle di "nan pwisans ak otorite Bondye." Se nan Non sa a, tout bagay ki nan Syèl la resevwa Non l epi yo soumèt a Limenm. Tout bagay sou tè a pote Non li epi yo soumèt a Limenm, yon Non ki anwo tout non, Jezikri.

110 Kounye a, *Logos sa a* ki te nan Li a, ki te Lespri Bondye a, Lonksyon an, atravè gras sanktifye San an, te mennen anpil pitit bay Bondye, ki te wenn ak menm *Logos sa a*.

111 Kounye a, nan jou Pannkòt la Li te desann, Kolòn Dife sa a, epi Li te separe konsa, epi lang dife te poze sou chak ladan yo, pa lang pa yo, men lang dife te poze sou chak ladan yo, yon gwoup eli, chwazi, idantifye pa Kolòn Dife sa a, ki montre ke Bondye te separe Tèt Li epi vini nan lòm. Ou sezi li? Bondye, *Logos* la, separe Tèt Li epi vini nan lòm! Bondye, pa nan yon sèl moun, Li nan Legliz inivèsèl Li a. Se rezon ki fè Jezi te di: “Zèv ke Mwen fè yo nou va fè yo tou, e pi plis.” Bon, mwen konnen vèsyon wa Jak la di, “pi gran,” men bon tradiksyon an la se “nou va fè *plis* pase sa a”. Bondye te kontni epi fèmen nan yon sèl moun, Jezikri. Men kounye a, Li kontni epi fèmen nan tout Legliz inivèsèl Bondye Vivan an.

112 Kounye a menm, pandan Bondye isit la ap pale avèk nou nan kè nou, Li an Afrik, Li an Azi, Li an Ewòp, Li an Angletè. Kèlkeswa kote kwayan yo rasanble, se la Li ye nan mitan yo.

113 Kounye a, apre lanmò Li, ansevelisman Li, ak asansyon Li, ak vini Sentespri a, Pòl, antan I te sou wout li ap desann, alò li te Sòl, pou I ale Damas, yon Kolòn Dife, *Logos* la te frape I atè. Epi Jwif sa a pa t ap janm rele Kolòn Dife sa a, “Seyè,” si li pat konnen Se te menm *Logos* pèp li a te swiv atravè dezè a. Ou wè? Bon, se pat Fis de lòm lan, se te *Logos* la.

114 Kounye a, nou di sa avèk reverans, ak lanmou, ak respè. Ou wè? Menm jan Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, epitou ke nan dènye jou yo, jan sa te ye anvan tan Lòt la, oswa nan tan Lòt te nan Sodòm, se konsa tou sa va ye nan jou Fis de lòm lan va revele Tèt Li ankò, revele Tèt Li. Bon, nan dènye jou sa yo, *Logos* la ki te sou Jezi a, se sa ke Li te vin tounen ankò, Kolòn Dife a, epi Li te desann sou tè a pou...(Mwen te pral di yon bagay, men mwen fè atansyon akòz bann lan. Yo pa t ap kwè I menm si ou te di



yo sa. Sa pa t ap fè okenn diferans. Yo... Moun yo pa t ap kwè sa, men mwen p ap di l). Men Li te desann, tankou pou fè yon ankèt anvan yon jijman, e l ap kontinye.

115 E kounye a, gran Kolòn Dife sa a ki absoliman idantifye menm pa aparèy foto syantifik, ki isit la sou tè a jodi a... Gen foto Li ki pandye la. Mwen kwè li toujou la, pa vre? Èske li la? Syantifikman pwouve pa pi bon nou genyen an. George J. Lacy, chèf FBI pou anprent ak dokiman, li te di: "Mwen te rele sa sikoloji mwen menm, Reveran Branham, men," li di: "limyè a frape lantiy la. Mwen mete l anba limyè iltra vyolè epi mwen te fè yon egzamen isit la pandan kat oswa senk jou. Epi limyè a frape lantiy la. E lantiy sa a p ap pran sikoloji!" Bon, la li idantifye.

116 Apre sa, gade travay Li. Li menm, nan mitan nou, pwouve ke menm Jezi a ki te viv yon fwa an Palestine, menm Lespri ki te sou Li a vini nan Kò a jiskaske Li tounen antan ke Chèf ankò, ki Li menm ap vini byento pou reklame Kò a. Amèn! Tèt la ap vin jwenn Kò a. Nou sezi li? Sa pral Fis de Dye a, Fis de lòm lan, Fis de David la, MWEN SE a, Woz Sawon an, Lis nan Vale a, Etwal Dimaten an.

117 Mwen pa Li; Mwen se sèvitè L. Epi Kolòn Dife a se pa Li; Li nan fòm Lespri (ou wè?) ki te sou Fis de lòm lan e ki te vin kounye a pou wenn fis de lòm yo, pou repwodi yon ministè jis egzakteman jan Li te di li ta dwe ye, nan objektif pou Tèt la ak rès Kò a ka ini ansanm.

118 Jis tankou—tankou piramid la ke Enòk te bati a. E nou jwenn nan piramid sa a, yo pat janm poze pyè fetyè a sou tèt li. Poukisa? Pyè fetyè a gen pou vini. Sèt mach yo nan—nan piramid la...Nou va etidye sa yon jou, e mwen ta jis renmen montre nou ki jan li vrèman annakò pafè avèk Lèzekriti.

119 E kounye a, si nou remake sou biyè dola Ameriken nou an, gwo pyè fetyè sa, yon je, sa di: "Gran So a." Li va vini.

Epi remake pyè sa yo... Èske gen moun isit la ki janm al vizite piramid yo an Ejipt? Ebyen, si w remake... Wi, men ni, gen menm la ki leve dèyè a la. Trè byen. Yo poze pyè sa yo la tèlman pafè, e anlè tèt sa a, kote koupòl la ye a, tankou anlè tèt li, lè pyè sa a va vini, li pral tankou yon gwo dyaman ki adapte la jis pafètman avè l.

120 Bon, pyè sa a pa t ap bon anba a la sou fondasyon an, ni li p ap bon sou dezyèm fondasyon an oswa sou twazyèm fondasyon an. L ap sèlman bon sou fondasyon an tèt la, lè tout bilding lan fin bati pou ke pyè a ka byen fikse sou li. E Jezi pa ka vini toutotan Legliz la, ak Kò kwayan ak ministè ke Li te kite a pa vin menm jan, menm sa li te ye nan epòk sa pou... E alò, sa va pote... "San nou yo pa ka pafè," Pòl te di, nan Ebre 11. "San nou, yo pa ka pafè." Yo dwe genyen ministè sa a pou resisite Literyen yo, Wesleyen yo, ak tout lòt sa yo ki te genyen atravè laj yo. Lè sa a rive, lè pati sa kote èg yo te rasanble... "Menm jan kote kadav la ye se la èg yo pral rasanble," dapre jan kesyon yo te ye. O, li jis pafè. Mwen espere ke sa te reponn kesyon an.

### **292. Frè Branham, èske Satan ka sèvi ak don lang yo oswa pwofesi nan yon moun ki gen Sentespri a?**

121 Sa bon, pa vre? Wi mesye! Si...Yo dwe siveye sa trè, trè byen. Si w remake nan Premye Korentyen 14:29, ou menm ki vle note l...Ou wè? Moun ki ekri sa a pa janm siyen non l; yo jis di: "Bondye beni ou." Ou wè? Nan Premye Korentyen 14:29 nou jwenn ke nenpòt don nan legliz la dwe jije an premye. Ou wè? Ou dwe siveye, paske move lespri ka glise antre. Paske sonje, lapli tonbe sou moun ki jis ak moun ki enjis yo. Menm lapli ki te voye pou fè ble a vin mi fè move zèb la vin mi tou, menm dlo a. Konbyen moun ki konnen sa? Koulye a, sa ta dwe rann semans sèpan an klè pou nou alò, ki jan pitit sa a te vini. M ap eseye jwenn li isit la pou m reponn li anvan tan m fini, men m pa ka jwenn li: kidonk, kijan de rapò pitit sa genyen ak semans sèpan an. Ou wè?

122 Bondye gen yon lwa. Kounye a, konsènan sa a, nan lwa Lespri Lavi sa a, ou dwe fè atansyon, paske Satan glise antre.

123 Epi Pòl, lè te gen yon revelasyon pou yon moun, yo te oblije pase l devan omwen de oswa twa jij anvan yo te kapab di l devan legliz la.

124 Bon, isit la, mwen ta ka di sa tou. Mwen wè...Mwen pa kwè Frè m lan isit la aswè a, men yon moun te pase yon moun nan betiz poutèt li te kite tabènak la epi li te desann al jwenn legliz Frè Junior Jackson lan. Li te di: "Yo desann al pami 'zwazo ki mouri yo'." Èske w pa wont fè yon remak konsa? Nenpòt moun ou ye a, si ou se pitit mwen isit la nan Kris, mwen wont pou ou. Pa fè yon bagay konsa. Junior Jackson se frè mwen. Don Ruddell se frè mwen.

125 Ebyen, rezon ki fè sa, se paske lè m te mete legliz la isit la nan yon sètenn lòd, lè m te tounen, pou m wè si m te kapab jwenn manifestasyon don yo, mwatye nan moun sa yo te pati. Paske lè w te kòmanse pale, oswa preche, oswa yon lòt bagay, li te gen...Li te vin rive yon kote ke ou te apèn kapab preche san pat gen yon moun ki pale an lang, yon moun entèprete, yon moun ki bay entèpretasyon an; e mwatye nan sa pat janm rive pase.

126 Bon, mwen kwè nan pale an lang. Mwen kwè nan entèpretasyon, men li dwe yon bagay dirèk pou legliz la, pa: "Seyè a ap vini byento," oswa yon bagay konsa, se trè byen. Men: "Pa itilize repetisyon anven," Jezi di, "tankou payen yo fè."

127 Li dwe yon bagay. "Al di Frè *Entèl* yon sèten bagay li te fè epi—epi li dwe..." "Ebyen, al di Frè, Sè *Entèl*, lè li te fè yon sèten bagay laba a, lòt jou a, li te dezobeyi a lwa mari l...ve li te fè a mari l la. Si li pa mete sa annòd, Sentespri a ap retranche l." Se la ou gen  
ENSI DI SEYÈ A!

128 Alò denonse peche sa a. Se lè sa a nou gen yon legliz tankou sa l te ye a lè Ananyas ak Safira te la a. Alò nou gen yon legliz ki kanpe fèm.

“O,” ou di: “Frè Branham...” Yon nèg, mwen te di l sa; li di: "Ebyen, ou mete nou nan yon sitiyasyon twò difisil."

129 Mwen di: “Èske mwen pa nan sitiyasyon difisil la sou estrad la devan etranje mwen pa janm wè nan lavi mwen? Men mwen gen lafwa ak konfyans nan Bondye m lan ki te voye m fè sa, e pa yon sèl fwa sa te janm fo oswa li p ap janm fo toutotan se Bondye." Se vre.

130 Pa pale an lang ak bagay konsa...Mwen kwè ke lang sa yo ak moun ki gen don sa yo, si yo se vrè kreyen otantik epi yo enterese nan li, yo va rankontre met tèt yo ansanm, paske...epi bay lang yo ak entèpretasyon yo epi wè kisa yo ka fè pou avansman Wayòm Bondye a. Yo gen yon ministè pwòp a yo menm, men li pa fè pati isit la nan mitan odyans lan kote n ap trete ak pechè yo—yo e latriye. Bib la di: “Yo va di nou san edikasyon.

131 Pafwa yo vin tèlman manke respè ak bagay sa yo e—e latriye... Se pa gwoup pa ou an, men mwen te lese yo ale pandan yon ti tan. Mwen di, "Siveye sa."

132 Bon, mwen te di frè yo (gen temwen isit la ki konnen sa), mwen di, “Kite sa trankil. Apre yon ti tan mwen pral—n ap wè si sa soti kote Bondye ou pa. Si li pa ka sipòte chatiman, alò li se yon timoun ilejitim." Se egzakteman sa Bib la di. E lè chatiman an rive, kisa k te pase? Èske mwen te di nou sa sa fè lontan? Ou wè? Mande pastè a isit la.

Li di: "E sa ak sa a ?"

133 Mwen di: “Jis kite sa! Yo se ti bebe. Nou pa ka jije sa, men gade sa k ap pase lè nou dwe fikse nou sou Pawòl la.”

134 Bon, Frè Junior Jackson te gen dwa pou l pa dakò ak sa. Li vle legliz li a... Tout moun yo vle pale an lang ak bagay konsa nan oditwa a. Se pwoblèm pa frè Junior; sa a—sa depann de li. Men Junior Jackson kwè Mesaj sa a menm jan ak ... nenpòt pami nou kwè li. Li se youn pami nou. Epi ou pa yon "zwazo ki mouri" si w ale la. Junior Jackson se yon òm de Dye ke mwen renmen ak tout kè mwen. Epi li pa isit la aswè a, kidonk mwen ka vrèman eksprime sa fason m vle a.

135 E—e Don Ruddell...Mwen pa kwè Don isit la aswè a, paske yo gen pwòp legliz yo. Men si m te wè tout moun ki vin nan tabènak sa a, soti al jwenn Don Ruddell, oswa—oswa Frè JT Parnell, oswa Frè... nenpòt nan frè sa yo isit la ki se frè nou yo isit la ak konsitwayen Wayòm lan, mwen t ap sitèlman kontan ke mwen pa t ap konn kisa pou m fè. Mwen t ap di: "Seyè, ranpli sa a ankò. Ann vide l epi ranpli yon lòt." Mwen ta renmen sa. Mwen ta renmen wè mesye sa yo... Yo se pitit mwen—mwen.

136 Bon, JT oswa—oswa nenpòt nan yo pa oblije kwè menm jan avè m; yo pa oblije fè sa. Jan mwen te di nou maten an, mwen pa menm dakò ak madanm mwen, oswa li pa dakò avè m. E si mwen te ale sou tab la epi Junior te gen tat ki fèt ak pòm epi mwen te gen tat ki fèt ak seriz. Frè, nou tou de ap manje tat, n ap dakò sou sa, men... E nou tou de preche menm Levanjil la. disiplin legliz li...

137 Ou konnen, Pyè ak Pòl te gen diferans, pa nan doktrin yo, men nan fason Pyè t ap konpòte tèt li. Yo te gen yon ti diferans sou sa, men sa pat janm separe yo. Yo te frè. Ebyen, se sèten n ap gen diferans, pa diferans ... Mwen pa dakò ak Asanble De Dye yo. Mwen pa dakò ak sistèm yo a, men gen anpil moun nan Asanble De Dye a ki se frè presye. Mwen pa dakò ak doktrin Initè a, men gen anpil nan mesye sa yo ki se moun presye.

138 Mwen dakò...pa dakò ak Batis yo, ak Presbiteryen yo ak sistèm yo a, men ladan l, gen Kretyen otantik.

139 Yon fason oswa yon lòt apremidi a mwen te rejwenn yon telegram. Mwen te pèdi l. Yon frè, yon predikatè Batis, te di ke li ta...ap chèche pou yon bon bout tan rive yon kote...oswa rive nan yon plas kote lèzòm gen respè pou Bondye olye yo gen respè youn pou lòt.

140 Epi yon presye frè ki vin nan legliz sa a di: “Mwen pral mennen w yon kote konsa.” Li te anvi vin isit la, yon Batis. Ou wè, yo gaye toupatou. Mwen pa ta dakò ak sistèm yo a, men mwen sètènman renmen...?...Kifè pa di sa sou frè yo.

141 Kounye a isit la, don sa yo...nou dwe siveye yo. Pa gen don...Nou oblije siveye sa. Satan ka imite nenpòt don. Gade Beatles sa yo kounye a ki pral imite gerizon Divin: souye, sal, pouri, fèt nan lanfè. Ou wè? Trè byen.

**293. Èske Danyèl te katriyèm òm nan founo dife a paske li te pwofèt nan laj sa a?**

142 Non, se te Jezi. Katriyèm Òm lan te... tankou Pitit Bondye a. Mwen pa panse se te pwofèt la, paske li te nan fòs lyon an; men mwen—mwen pa ta kwè Danyèl te nan founo dife a. Mwen—mwen pa ka apèn...Bon, la ou ta ka gen rezon, men alò sa se jis opinyon pa m.

**294. Frè Branham, nan Jenèz 6, vèsè 12, Bondye di ke tout chè te pèvèti chemen l. Èske sa fè referans a divòs ak maryaj? Si se konsa, èske Jezi pa t fè referans a menm bagay la lè Li te di ke, “kòm sa te ye nan epòk Noye a, se konsa sa pral ye lè Fis de lòm lan pral revele tèt Li” nan Matye 24, vèsè 38 ak 39?**

**295. Frè Branham, èske pral gen timoun ki fèt pandan Milenyòm lan...milan Milenyòm lan, mil ane rèy Kris la sou tè a? Oswa èske pral gen yon siy kèlkonk sou**

**tè a...yon peche kèlkonk (padone m) sou tè a pandan tan sa a; epi èske pral gen moun sou tè a nan kò fizik pandan peryòd sa a?**

143 Mwen pral eseye jis kouri pase atravè yo byen vit. Kounye a, nan Jenèz chapit 6 la, vèsè 12 la, Bondye te di tout chè te kòwonpi... Wi, se te maryaj, divòs, ak tout lòt bagay. Bib la di: "Kòm sa te ye nan epòk Noye a, jan yo te marye, epi te bay tèt yo an maryaj," ak lòt bagay konsa. Sa a se youn nan siy yo nan tan lafen an, jis youn nan siy yo.

144 Kounye a, si se tout sa mond lan t ap fè, mwen pa t ap kapab rele sa prèv tan lafen an, pa plis ke mwen ka rele pale an lang kòm prèv Sentespri a. Se vre ke gen sipoze rive yon tan kote maryaj ak divòs se jis tankou sa te ye nan epòk Noye a, men gen anpil lòt bagay ki ale avè l; se jis youn nan siy yo.

145 Epi pale an lang se youn nan siy Sentespri a, men se pa yon siy enfayib nan Sentespri a, pa plis ke jis poutèt fi ak gason marye epi divòse epi marye ankò. Se pa t ap sèl siy lan. Si se sèl sa ki te genyen, mwen pa ta ka rele l konsa. Ou wè? Gen lòt bagay ki dwe ale ak pale an lang oswa nenpòt lòt don pou di ke li soti kote Bondye.

146 Kounye a: "Èske gen timoun ki pral fèt pandan milan rèy Milenyòm lan?" Se kesyon an ki nan tèt mwen, kòm mwen te di nou lòt jou a. M pa konnen. Li sanble anpil tankou li ta ka genyen; li sanble anpil tankou li pa ta ka genyen. Mwen pral onèt avèk ou jan m konnen ki jan m dwe ye. Mwen pa konnen nan moman sa a. Si Bondye ta janm revele sa, m ap di nou. Men tann; li dwe soti nan Bondye. Nou se pitit mwen. Mwen pa ka di nou sa a. Mwen pa konnen si pral genyen oswa si p ap genyen. Mwen pa ka di li.

147 "Oubyen èske pral gen peche sou tè a pandan tan sa a?" Non! P ap gen peche sou tè a. Satan mare.

148 "Epi èske pral gen moun sou tè a nan kò fizik pandan tan sa a?" Wi mesye! Nou pral gen kò glorifye nou an isit la sou tè a, manje, bwè, bati kay, epi—epi—epi n ap viv menm jan n ap fè kounye a pandan milan. Se yon—se lin de myèl Lepouz la ak Lepou a.

**296. Frè Branham, kisa Jezi te vle di nan Matye 12, vèsè 32, kote Jezi te di: “Nenpòt moun ki di yon mo kont Sentespri a, yo p ap padonnen l pou sa, ni nan monn sa a, ni nan mond k ap vini an”? Tanpri eksplike vèsè Lekriti sa yo pou mwen. Mèsi.** E li gen non nonm lan; li se yon minis. Trè byen.

149 Frè, mwen se... ou se yon teolojiyen, mwen pa sa. Men mwen ta renmen di sa, ke Jezi te di: “Nenpòt moun ki pale kont Sentespri a, yo p ap padonnen l pou sa.” Nan lòt mo, pou mete l ak rès Ekriti a, "tout kalite peche moun va padonnen, men lèzòm ki blasfème kont Sentespri a yo p ap padonnen yo pou sa." Blasfème kont Sentespri a se pase nan betiz, pale mal, ridikilize, fè yon bagay konsa se lè sa ou travèse liy ki genyen ant sa ki byen ak sa ki mal.

150 Kounye a, si w wè Sentespri a... Pa egzanp, e si Sentespri a ta desann isit la epi disène menm jan Li fè sa, e si se ta Sentespri a, epi ou pa t kwè Se te Li, epi ou te soti epi ou te pase L nan betiz epi ou te pale mal de Li; M pa bezwen konnen kisa ou janm fè, ou fini. E ou pa ka fè sa. Sa pwouve la menm ke ou pa soti nan Bondye, paske Semans Bondye a rete nan moun lan epi li pa kapab peche. E kisa peche ye? Enkredilite. Lè li wè Pawòl la manifeste, l ap kwè L. Epi li ka sèlman...

151 Ou wè, gen yon sèl peche, yon sèl peche. Konbyen moun ki konnen sa? Se enkredilite. Se vre. Komèt adiltè se pa yon peche. Fimen sigarèt, bay manti, fè sèman, sa pa peche. Sa se atribi enkredilite. Ou fè li, paske ou pa yon kwayan. Se vre. Donk, ou wè, gen yon sèl peche, e se enkredilite. "Sila ki pa kwè a deja kondane." Kèlkeswa sa li fè oswa anyen, li kondane pou kòmanse. Trè byen.



**297. Frè Branham, èske li mal pou yon jèn ki pa marye—ki pa marye (li pa di ki moun li ye) koupe li...cheve yo?** Mwen imajine se yon fanm.

152 Wi! Wi, se—se pa bon pou nenpòt fanm koupe cheve l.

Sa se jis yon ti kesyon kout. Èske n ap—èske n ap dòmi? Ebyen, nou pral—nou pral depeche nou jis osi vit ke nou kapab. Mwen t ap eseye si tèlman jwenn semans sèpan sa a.

**Priye pou pitit gason nou an nan...**

Sa se yon demann priyè. Mwen jis pran sa yo epi kouri, senpleman ...

**298. Frè Branham, èske fanm yo gen dwa travay nan zafè piblik lè yo gen yon mari ki an sante ak pitit? M ap poze kesyon sa pou yon lòt moun.**

153 Ebyen, mwen—mwen—mwen—mwen pa di anyen sou sa. Mwen pa konnen. Men, mwen—mwen jis gen santiman sa a. Kite m di sa: Mwen kwè, si mwen te yon—yon fi e mwen te konnen ke mari m te an sante e li te gen yon bon travay, ap travay, mwen kwè ke sa t ap yon—yon gwo plezi pou m rete lakay mwen, pran swen pitit mwen yo epi fè yo...e—e—epi pran swen pitit mwen yo epi elve yo, epi renmen Seyè a. E si mwen te gen ti tan apre lesiv ak bagay ke m ta pral fè, mwen panse mwen ta p anseye pitit mwen yo kijan pou sèvi Seyè a.

154 Kounye a, si w gen yon—yon dèt oswa yon bagay w ap eseye ede mari w peye, oswa yon bagay konsa ou dwe fè sa... Oke, mwen panse sa byen si w ap eseye ede l. Epi—epi w ap viv tankou yon dam. E mwen—mwen panse ke li difisil. Pa gen yon gason ki gen bon konprann ki vle madanm li antre pami yon bann, kote gen yon pakèt moun vilgè, sal ak bagay konsa. Men, si fi a oblije antre nan sa, mwen panse ke li ta dwe ... mari l ta dwe konnen ke li se yon kretyèn otantik ke l ka fè konfyans, yon fi ki diy de konfyans.

155 Men kounye a, pou m di ke li pa ta dwe travay, mwen—mwen pa konnen. Ou wè, pa gen okenn ekriti pou kore sa. Mwen jis—mwen jis bay opinyon sa a. Men, mwen panse si yon fi vle travay epi li vle travay...

156 Kounye a, mwen sètènman kont fi k ap travay nan biwo sa yo kote tout bizismann sa yo...Yo kontinye, bay blag sal sa yo. Epi yon bèl fi pwòp ki chita la, ak tout bagay vilgè sal sa yo k ap repete bò kote l konsa, mwen—mwen kont sa. Mwen panse ou ta dwe soti nan mitan bagay sa yo.

157 Men kounye a, si yon fi ka kenbe tèt li kòm yon—tankou yon vrè dam epi l ap eseye ede mari l fè yon bagay pou l achte kèk rad pou timoun yo al lekòl, oswa—oswa peye yon fakti, oswa yon bagay konsa, epi li vle travay jiskaske sa fini...Kounye a, sa se pa Seyè a, paske mwen pa gen okenn ekriti pou sa. Mwen jis di sa ta dwe opinyon mwen; men sinon, mwen pa kwè jis paske li vle travay jis pou ap monte desann, oswa, gen plis lajan pou depanse, kouri toupato, pou al nan ba, oswa bwè, fimen, elatriye; M pa kwè li ta dwe fè sa. Mwen kwè l ta dwe ret lakay li, eseye vin yon dam, epi pran swen kay li.

**299. Si Jezi nan yon dezyèm...(Non!) Si Jezi...si ou nan yon dezyèm maryaj kote tou de pati yo divòse...la...gen (r-e-p-a-n-...) repantans gen ase repantans, oswa èske w dwe fini, oswa , èske ou dwe mete fen a relasyon maryaj ou a pou w ka kòrèk?**

"Si-si ou nan yon dezyèm maryaj kote tou de pati yo divòse..." Mwen panse mwen te deja reponn sa. Ou wè? Wi, m te deja reponn sa. Kote tou de pati yo —yo...Mwen jis...

158 Mwen—mwen te swete nou pa t oblije rantre nan bagay sa yo, pèp la. Mwen gen zanmi m ki chita isit la, nan mitan oditwa sa isit la ke mwen konnen ... Sa jis prèske touye m pou di sa, men mwen—mwen oblije di l. Ou wè? Epi mond lan tèlman nan yon kondisyon kòwonpi.

159 Yon pòv, vyep ti malerèz ki fè yon erè epi marye ak yon alkòlik epi—epi yo vire nan wout sa, oswa yon pòv malere ki marye ak yon pwostitiye epi l pa konn sa, answit vin lye ak fi oswa gason sa toutotan yo vivan. Sa se yon bagay tèrib. Maryaj se yon bagay sakre.

Anpil fwa timoun pechè yo vini epi fè bagay sa yo, e apres a y ap mande kisa sa ye. Mwen—Se...Mwen kwè, si Seyè a pèmèt mwen eksplike maryaj ak divòs jan li ta dwe ye, mwen kwè sa pral klarifye anpil nan bagay sa yo. . Se tou... [espas vid sou band la—  
Editè a.]

**300. Nou wè... Poukisa nou pa ka vann kay nou an? Mèsi. Nou... P.S. Nou te priye e nou te jene—e—pou vann li, malgre sa pa bay okenn rezilta.**

160 Ebyen kounye a, Frè oswa Sè (yo pa siyen non yo), men kèlkeswa moun li ye a, kounye a, si w ap eseye vann pwopriyete w epi ou te fè sa w... Ou vle vann li epi pwobableman pou achte yon lòt oubyen pe enpòt sa ou vle fè a, mwen pa konnen. Si objektif ou kòrèk, w ap eseye achte yon kay... Si w gen timoun oswa yon bagay konsa, ou vle jwenn yon pi bon kay oswa yon lòt bagay... Mwen pa konnen ki sa li ye, men mwen ta di sa: Si w ap eseye vann li, epi w ap fè jèn epi ap eseye vann li, alò, remèt li bay Seyè a epi bliye sa. Ou wè? Paske se kapab Bondye... Ou ka deplase al yon lòt kote, epi sa ka pa bon. Ou wè?

161 Si w se yon kretyen epi w mete konfyans ou nan Seyè a, paske sinon ou pa t ap jene epi priye. Ou wè? Alò mwen t ap jis remèt li bay Bondye. Di, "Kounye a, Seyè, lè se tan pa W pou nou vann li, Ou va voye yon achtè." Alò, remèt sa bay Seyè a, wete men w sou li epi avanse. Mwen kwè ke sa t ap mache. Mwen yon ti jan ap akselere la, paske mwen jis manke tan.

**301. Frè Branham, èske l mal pou yon fi boukle cheve l?**

162 Mwen te gentan reponn sa sa fè yon ti tan. Sa pa gen enpòtans pou mwen, jis kite li long. Ou wè? Mwen pa... Mwen konnen ou se... Mwen pa vle di sa pou m ka fè "komik" avèk nou medam. Ou wè? Mwen sensè. Ou—ou—ou vle konnen, epi ou mande m. Ou gen konfyans nan mwen sinon ou pa ta p mande m sa. Kounye a, mwen gen konfyans nan ou, Sè, ke sa m di w, mwen kwè ou pral fè l.

163 Mwen pa ka kore sa ak Ekriti. Si ou vle... Si ou pa gen bèl cheve boukle epi ou se yon fi, ou vle bèl pou mari w, pou mennaj ou, oswa yon bagay konsa, mwen—mwen pa ka di w anyen sou boukle cheve w oswa—oswa jan yo ta rele l la, mete koulè oswa yon bagay? Mwen—mwen pa gen anyen pou m di sou sa; sa se ou menm. Ou wè? Mwen—mwen...Ou jis, ant...Ou jis mande Seyè a sa pou w fè, Li—L ap di w sa, paske mwen—m ap eseye eksplike bagay yo dapre Ekriti yo. Ou wè?

**302. Tanpri eksplike Premye Korentyen 13:8-12. Kounye a ke Pawòl pafè a retabli nan Legliz, èske vèsè sa yo reyalize?**

164 Kounye a, mwen kwè m jis te deja pale de sa, pa vre? "Epi lè sa ki pafè a va vini, sa ki pasyèl la pral disparèt." Pòl te di, "Menm si mwen pale lang moun ak zanj yo, e mwen fè tout bagay sa yo isit la... Men, lè sa ki pafè a va vini..." Kounye a, èske gen yon bagay ki pafè apa Bondye? Non, mesye! Èske Bondye se pafè a? *O kòmansman te gen [Kongregasyon an di: "Pawòl la." — Ed.] e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. Pawòl la toujou Bondye. Ou wè? Trè byen. Lè sa ki pafè a va vini, sa ki pasyèl la va disparèt.*

**303. Frè Branham, èske se yon bagay ki mal pou w kale tèt ou nèt?**

165 Mwen kwè—mwen kwè sa a se yon gason; Mwen—mwen espere ke se sa. Ebyen kounye a, gen kèk fi ki fè sa. Sètènman. Mwen te monte nan otobis la yon fwa lè mwen te gad chas isit la. Mwen t ap monte isit la...Mwen te chita la, epi yon nonm t ap pale konsa,

li te gen yon kask soudi, epi m t ap pale avè l. Epi li t ap fimen yon sigarèt, li te remonte linèt soudi a konsa. Se te jis isit la nan viwonn Sellersburg la. Apresa, mwen te la ap pale ak zanmi sa. Li te di yon bagay, epi nou tout te tonbe ri; Mwen te frape l sou kwis li; Mwen te di, "Mezanmi, se—se vrèman kichòy, pa vre?"

Apresa, mwen te la konsa, epi yon—drèt la kèk—yon fi ki te chita sou lòtbò a te di: "Tande, Ruth, èske w pral...?"

166 Li te gen yon gwo salopèt, trè laj, tankou yon gason, li te chita la ap fimen sigarèt epi soti lafimen an nan nen li, mwen te panse se te yon gason. Nou t ap pale de yon bagay konsènan chape yon tòch asetilèn pou fè yon bagay, ki te frape tèt yon moun pou te *jan w rele l la toufe l*, epi li te kòmanse ri. Mwen te ri tou epi m te bay yon tap dirèkteman sou kwis dwat li, pansan ke se te yon gason. Mwen pa t fè diferans lan. Ou pa ka wè l. Epi Bib la te di: "Nenpòt fi ki mete yon rad gason sou li, se yon abominasyon." Men ni.

167 Non, Frè, si w vle yon koup cheve tèt kale nèt, m ta di w: jis tann jiskaske w rive nan laj mwen, w ap gen youn. Kidonk... Se trè byen. Mwen pa t vle di sa konsa, zanmi. Ke kè w beni si w kwè Frè Branham di w laverite. Mwen pa kwè Bondye di anyen sou gason, vwal—vwal pa l se senpleman toutotan li koupe cheve l. Si l kite cheve l pouse tankou fi, Bib la di se yon wont pou yon gason fè sa.

168 Men kounye a, si ou—osi lontan ou gen cheve ou epi ou se yon ti gason...Epi mwen konnen mwen te di anpil bagay sou sa: "Epi nou menm, Rickys yo, avèk koup cheve tèt kale nèt sa," ak tout bagay konsa, men mwen—mwen jis di sa. Ou wè?

169 Mwen pa—mwen pa kwè Bondye bay enpòtans a kijan yon gason koupe cheve l, osi lontan ke li koupe l, paske chèf li se Bondye. Men, chèf yon fi se yon nonm; se poutèt sa, li dwe... Epi si li koupe cheve l, li dezonore tèt li. Kidonk, yon fi ki dezonorab ta dwe resevwa divòs li epi mete de kote. Pa vre? Alò, si yon fanm koupe cheve l, li gen—mari l

gen dwa absoliman dapre Bib la kite I pou movèz vi—yon moun ki dezonorab. Konbyen moun ki konnen se Laverite? Se sa Bib la di, paske li dezonore chèf li. Ou pa ta dwe viv ak okenn fi ki dezonore.

**304. Frè Branham, lè Ezayi te pale ak pitit fi Siyon yo (oswa te pale ak, mwen vle di, mwen sipoze yo te vle di "te pale de") pitit fi Siyon yo konsènan bwòch pwenti, cheve boukle, olye de yon cheve byen tache, tèt chòv; olye de yon... Èske sa aplike jodi a oubyen ansyen Bib la ki pa gen okenn efè jan kèk moun di a?**

170 Ansyen Bib la toujou an vigè, e chak pawòl Bondye di li an vigè. Wi mesye! Sèl bagay sa fè ant nouvo e ansyen Bib la, li jis rann li pi grav. Jezi te di, "Ou te tandè yo di, 'Ou pa dwe komèt adiltè' (ou te dwe fè zak la); men Mwen di nou, nenpòt moun ki gade yon fi ak anvi, li deja komèt adiltè avè I nan kè li." Se pa tikras eksepsyonèl bagay sa yo ye!

Kounye a, mwen dwe fini, zanmi. Li kòmanse yon ti jan ta. Bon, sa a twò long. Ann gade si mwen ka jwenn yon lòt. Ann gade.

**305. Frè Branham, ki jan fi yo ta dwe kite cheve yo?**

171 Ankò, nenpòt fason ou vle. 1 Timote 2:9. Ou wè? "Ke medam yo prezante tèt yo ak vètman modès." **Mwen vle—mwen vle kite pa m yo pou fè Bondye plezi.** (Bondye beni w, presyez Sè.) **Mèsi. Ke Bondye beni w. Priye pou nou.** E moun nan siyen non I.

172 Sharon, wi, Sè! Bondye beni w. Kite I jis osi long ke I ka pouse, Sè. Se yon ti pitit fi. Bondye beni w, Cheri. Se kòrèk, jis kontinye konsa.

**306. Apre Epouz la fin anlve, èske ap gen vyèj fòl k ap sove oswa èske y ap pèdi?**

173 Non! Gade, tout bagay pral fini pou legliz Moun lòt nasyon yo lè Epouz la kite tè a. Lespri Bondye kite tè a: "Moun ki souye a rete souye; moun ki jis la rete jis; moun ki sen an, rete sen." Nan lòt mo sanktyè a anvayi ak lafimen, kote Avoka a—a kanpe pou plede koz la. Kris kite sanktyè a; jou Li kòm medyatè a fini. Anlèyman an vini; Li kite sanktyè a, Li avanse epi Li pran Liv Redanmsyon an, pou L reklame tout sa Li te rachte yo. Pa gen okenn zèv medyatè ankò. Konbyen moun ki konprann sa? Mwen te genyen l nan youn nan So yo—oswa youn nan... Wi, So yo, mwen kwè se te sa, Kris te avanse pou reklame zèv Li kòm medyatè.

174 Kounye a, jis yon minit. "Èske vyèj fòl la pral sove?" Non! Kèlkeswa sa k ap rive a li—rive kounye a. Apre tan sa li nan eta... Kounye a, l ap oblije pase pa Peryòd Tribilasyon an. E rezon an se paske li te rejte Ekspyasyon an nan plenitud li. Li se yon kwayan, yon kwayan nan bouch, men l ap oblije pase pa Peryòd Tribilasyon an. Bib la te di, "E rès yo, dragon an te voye dlo nan bouch li pou l al fè lagè..." "O ala yon moman sa ye. La..."

175 Pa janm gen yon tan nan listwa kote legliz nominal yo te vin tèlman grangou pou jwenn batèm Sentespri a. Mwen—mwen abitye pale pou Òm Dafè Kretyen yo. Tout tan, se Presbiteryen, ak Luteryen, Katolik, ak yo tout, Batis yo pa santèn, Legliz de Kris, Nazareyen yo, Pèleren Sentete yo, Advantis Setyèm Jou yo, yo chak ap rasanble pou eseye antre pou—pou jwenn... Ou wè?

176 Kounye a, sa se yon bagay ki frapan. Tanpri, pa pran l kòm yon doktrin, men èske w konprann sa Ekriti yo te di ki t ap fèt lè sa te rive? Tan an te fini. Paske gade, te gen sèt vyèj, oswa, dis vyèj ki te soti al rankontre Epou a, e mwatye nan yo te gen lwil nan lanp yo, mwatye nan yo pa t genyen. Se pati nan Kò a ki mouri ak pati ki vivan an. Senk saj yo, lè yo—lè kri a te vini, "Men Epou a..." yo tout te netwaye, oswa, yo te reveye pou netwaye lanp yo pou al nan soupe nòs la. Men, lè vyèj fòl la di: "Bannou nan lwil ou a, lanp nou yo

ap etenn. (Ou wè?) Bannou nan lwil ou a." Yo di: "Se pa konsa, nou jis gen ase pou tèt nou. Al achte l." E pandan yo t al achte l, Epou a te vini.

177 Lè pwoklamasyon an te soti, dekrè a, "Epou a ap vini," tout moun te vle prè, byen vit. Èske se pa lè kote men an ap ekri sou miray la?

178 "O, nou vle batèm Sentespri a." "Nou vle sesi, sela, oswa se lòt bò!" Men, pandan yo t al achte l, Epou a te vini. Moun ki saj yo te antre, epi rès yo te rete deyò kote pral gen kriye, jemisman, ak grensman dan.

179 Mwen te resevwa plizyè bèl kesyon isit la ki ale ak sa: "Kimoun sa ki te gen wòb la ki te antre a, ki pa t gen abi nòs la sou li a?" Ak tout kesyon sa yo ki gen rapò drèt a sa.

**307. Èske yon moun ta dwe peye dim a yon endividi oswa èske yon kretyen ta dwe travay?**

180 Sèten li ta dwe. Li se sila ki va ap travay, se yon Kretyen.

181 "Peye dim a yon moun?" Sa depann de ki moun nan. Ou wè? Se vre. Nan Ebre 7, premye fwa yo te pale sou dim nan—nan yon pozisyon ke nou... Tann yon minit, mwen kwè, kesyon nimewo de a. Non! En-en. Non! Paske Frè... Te di: "De kesyon pou Frè Branham."

182 Lè...Nan Ebre 7yèm chapit la, lè Abraham, te retounen sot nan masak wa yo, li te rankontre Mèlkisedèk, li te peye l dim. Se te Mèlkisedèk, Wa Salem nan, Ki se Wa Lapè, epi Wa Dwati, Ki pa t pèsonn lòt ke Bondye LiMenm. Ou wè?

183 Men, lè w ap peye dim...An reyalyte, ou dwe dim kote w ap nouri w. "Pote tout dim nou yo nan depo pa M, Seyè a te di. (Pa vre?) Epi mete m a leprèv Bondye te di, pou wè si M pa pral louvri fenèt Syèl la pou ap vide benediksyon ke ou pa t ap gen ase plas pou



w resevwa l." Mwen bay nenpòt gason ou fanm lan defi ki pa abitye peye dim li pou l aksepte sa.

184 Mwen te kapab kanpe isit la jiska demen maten, pou di w sèlman sa k te rive lè m te fè eksperyans sa, epi nan ki kondisyon m te ye. Men osi lwayal m te ka ye, m te peye dim mwen. E lè m te konn pran pwòp lajan pa m legliz ban mwen la oswa nan kanpay mwen yo, mwen te konn pran plis... Mwen te konn bay yon dizyèm. Alò, mwen te konn bay minis yo, epi rès yo la. Men, lè mwen pa t kapab fè sa, alò, sa m te fè, mwen te kenbe dis pousan epi bay Bondye katrevendis. Alò, lè lalwa te di mwen pa t kapab fè sa, mwen ta dwe pran ... E si m ta fè sa, yo t ap takse tout nèt, alò mwen te oblije pran epi kontoune l nan misyon etranje elatriye, epi jis pran yon salè sou san dola pa semèn; epi peye dim mwen ladan l.

185 Wi, mesye! Mwen kwè nan peye dim. Se youn nan benediksyon Bondye ki pwouve ke se yon benediksyon. Ou di, "Sa se nan Ansyen Testaman an." Li nan Nouvo Testaman an tou! Wi mesye!

**308. Chè Frè Branham, si yon ti bebe fèt nan yon...an deyò maryaj, èske pitit sa ka sove oswa ale nan Anlèyman an?**

186 Sove? Enben sèten, mwen kwè timoun nan ta ka ... Timoun nan pa ka defèt sa ki te pase a. Sa se vre. Men, mwen... Konsènan Anlèyman an... Sove, mwen ta di, "Wi." Men, nan anlèyman se yon semans predestine ki pral nan Anlèyman an. Kidonk mwen pa ka kwè ke adiltè se te yon semans predestine. Ou konprann? Ou wè? Mwen kwè moun yo kapab—ti bebe a kapab sove; li pa gen ankenn—ankenn dwa pou pwòp tèt li. Se yon zak ak yon bagay tèrib.

187 Men kounye a, nan Ansyen Testaman, lè yon ti bebe te fèt ilejitim, li pa t kapab menm antre nan kongregasyon Seyè a pandan dis jenerasyon, katsan ak kèk lane, malediksyon sa te tèlman tèrib. Jis panse a sa. Yon ti bebe inosan, aryè, aryè, aryè, aryè, aryè, aryè,

aryè, aryè, aryè pitit pitit li yo, jis panse, aryè, aryè, aryè, dis aryè pitit pitit li yo pa t kapab vini nan kongregasyon Bondye a. Se vre.

188 Men, ou wè, pa t gen anyen ki te ase fò pou padonnen peche sa a. San nan Ansyen Testaman an pa t padonnen peche; li te kouvri peche. Men San Jezikri divòse l. Sa diferan kounye a. Lè San Jezikri a vini, se diferan.

**309. Frè Branham, nou vle rapwoche de Mesaj ou a otan ke posib. Èske nou ta dwe deplase al Arizona oswa Jeffersonville?**

189 Mete w alèz, swa youn oubyen lòt. Mwen sètènman renmen w, mwen pa bay enpòtans a ki kote w ale, sa ou fè. Men kounye a, kòm konsèy, mwen kwè mwen t ap vin Jeffersonville. Si w ap deplase de tout fason, mwen t ap vin Jeff. Mwen kwè mwen vin isit la plis pase m al Arizona. Se byen.

**310. Frè Branham, èske—èske li twò ta pou preche pechè yo ankò?**

190 Non! Non! Pa mete sa nan tèt ou, frè. Kontinye bati sou kay la. Kontinye fè tout sa w kapab. Jis kontinye ale jiskaske w pa la ankò. Ou wè?

**311. Kesyon nimewo de. Èske moun sove yo ta dwe separe tèt yo de pechè yo lè adorasyon? Èske moun ki sove yo ta dwe separe de pechè yo pou yo adore?**

191 Mwen pa konn egzakteman sa w vle di pa sa. Si ou vle di moun k ap fè peche tankou nan... Ou adore Bondye toupatou. Men, mwen panse si nou ta fè sa, ki jan nou ta pral fè gen legliz, paske pechè yo antre dirèk nan legliz la epi yo chita bò kote kretyen an. Pa janm separe tèt ou de anyen sof de peche, pa de pechè a. Mennen pechè a si w kapab, men pa pran pa nan peche l yo.

**312. Èske yon madanm sove ta dwe refize ofri tèt li bay mari l si l se yon pechè?**

192 Non, mesye! Non, mesye! Se mari ou. W ap kondui l pi lwen Bondye ankò si w fè sa. Ou wè? Se vre, Frè, Sè. Ou te marye avè l; li se pa w, epi ou se pa l.

**313. Frè Branham, ki siyifikasyon yon anilasyon? Èske moun yo lib pou yo marye oswa se jis yon lòt mo pou divòs? Mwen ta renmen kèk enfòmasyon sou sa.**

193 Se sèten yo te marye. Osi lontan ke yo pran ve sa a, yo marye. Menm jan ak yon jèn gason, si yon jèn gason pwomèt yon jèn fi pou l marye avèk li de bòn fwa, li gen obligasyon anvè fi sa a. Se kòm si li te marye avè l. Sèl bagay lalwa fè, se ba ou yon—yon dokiman legal pou viv ansanm pou evite w viv nan konkibinaj. Men, lè yon gason di yon fi, "M ap marye avè w, cheri; M pral pran w pou madanm mwen. Èske w ap pran...?" li marye.

194 Ve ou se yon bagay sakre; se sa ki marye w de tout fason. Pa gen ankenn predikatè ki ka marye w, pa gen ankenn majistra, oswa pa gen ankenn lòt bagay; se pwomès pa w devan Bondye ak gason sa a. Lè ou pwomèt, ou marye.

195 Ou wè. Ou di: "Frè Branham, èske sa...? Ou di... Ou te di ou ka sèlman reponn pa Bib la." Èske w vle Bib la sou li? Leve men ou si ou vle li. Kounye a, nou gen apeprè sis oswa uit minit. Trè byen.

196 "Jozèf, mari li, te yon nonm jis (mari fyanse l, li te deja rele l mari li)... Jozèf, mari li, te yon nonm jis, te fè 'lide' pou kite l an sekre konsa; men anvan yo te viv ansanm, yo te jwenn li ak yon pitit Sentespri a. (Wè?) Aprè sa, zanj Seyè a te parèt devan l nan yon rèv, li di: Jozèf, pitit gason David la, pa pè pran pou ou menm, Mari, madanm ou." Li te deja marye, li te deja fè l pwomès.

197 Epi nan...Epi jèn fi, si w te pwomèt pou w marye ak ti gason sa a, ou oblije fè sa. Si w marye ak yon lòt apre obligasyon sa a, ou va, apati de kounye a, de tout fason, w ap viv nan adiltè. Epi remake, menm bagay la pou yon ti gason ki pwomèt marye yon fi...

198 Pa fè ve a pèsonn sof si w serye tout bon. Sonje byen, gen Bib la pou sa. Jozèf te pwomèt pou l marye ak Mari. Epi Bondye te di ke se te...

199 Li nan Lwa Ansyen Testaman an sou sa. Ou wè? Lwa Ansyen Testaman an, si w te pwomèt pou w marye ak yon fi, epi w te marye ak yon lòt, ou te komèt adiltè; pa konsekan yo te mete w deyò nan kan an. Wi mesye! Ou dwe kenbe pwomès ou lè w pwomèt yon fi sa. Li se yon ti veso sakre, ki dwe pote ankò lavi timoun nan mond lan. konsa, lè w pwomèt li, ou dwe marye ak li.

**314. Èske l twò ta pou sèvis nan prizon ak travay sa yo pou temwayaj pou eseye sove nanm? Epi tou èske yon moun ta dwe vann tout sa yo genyen kounye a, Seyè a ap vini trè byento?**

200 Ebyen, kijan—kijan ou fè...Mwen espere mwen pa t di anyen ki ta ka fè w kwè konsa. Mwen te fè sa? Si mwen te fè l, padone m! Mwen pa vle di...Ou wè? Pa jis prezime bagay sa yo. Kontinye ap avanse, ap preche, ap fè sèvis nan prizon, atenn tout moun, epi pa...

201 Gade isit la. Advantis Setyèm Jou yo isit la pa gen twò lontan, apeprè senkant oswa swasantan de sa, mwen te wè li nan jounal *Courier-Journal* la (mwen genyen l kèkpa nan pikòp mwen an), yon gwo atik nan jounal *Courier-Journal*, kote yo te devwale ansyen chapit yo, lè yo te konn rele yo Milenaris anvan yo te vin Advantis Setyèm Jou. Apresa, yo te gen yon gwo paj antye nan jounal *Courier* isit la nan Franklin, Kentucky, kote yo tout te vann pwopriyete yo epi yo te gen... Yo te fikse yon sètenn dat, yo te pwouve sa pa Ekriti yo, Jezi t ap vini nan dat sa a, epi yo te monte laba a, yo te pran vyolon yo ak bagay sa

yo, epi yo te monte sou tèt ti mòn lan. Nan demen maten, yo te desann, lawouze te tranpe tout plim yo, epi yo te desann do ba. Ou wè? Se idolatri ak bagay sa yo.

202 Piga w kwè sa. Jezi gen dwa pa vini nan santan ankò. Mwen pa konnen kilè L ap vini. Okenn moun pa konn ki lè L ap vini! Men, mwen pral eseye kontinye preche ak fè tout sa m kapab jiskaske Li vini. Si Li pa la jodi a, m ap cache L demen. Si L pa la pou... semèn sa a, m ap cache L semèn pwochèn. Si L pa isit la nan dis lane k ap vini yo, epi m ap viv, m ap cache L trant lane k ap vini yo. Mwen pral toujou ap cache. Mwen pa konn ki lè L ap vini, men mwen vle viv fidèlman a Pawòl Li epi fidelman a pèp Li a, epi viv tankou yon kretyen, epi tann pou l vini. Ou wè?

203 Kontinye preche fè sèvis prizon yo, pou w sove tout moun ou kapab. Mwen pa konnen lè L ap vini; pèsonn pa konn sa. Men, m ap di sèl bagay sa a. Se sa mwen ap eseye di ou, e mwen espere ou pa eseye mete pwòp entèpretasyon ou ... Se pa pou reprimande moun sa non. Bondye beni w Frè, Sè, pe enpòt moun ou ye a. Li ta sanble se yon moun ki soti andeyò vil la, paske li te sou yon kat postal, mwen panse, ki soti Denver, Colorado, epi... Wi, Pike's Peak, Colorado. Se konsa, li ta ka yon moun ki te voye l pa lapòs, men se—se pafètman kòrèk. Petèt y ap jwenn bann lan.

204 Men, annou raple nou, pa chanje anyen, sèlman fason pou soti nan peche pou vin nan ladwati. Jis kontinye nan travay ou, pouse pou pi devan menm jan an. Tout moun ki konprann sa byen klè, di, "Amèn," [Kongregasyon an di, "Amèn." — Ed.] Ou wè?

**315. Frè Branham, nan Matye 12:40, li di, "Kòm Jonas te nan—twa jou ak twa nwit nan vant balèn nan; Konsa, Fis de lòm nan pral pase twa jou ak twa nwit nan fon latè." Kijan sa fè jodi a ke yo di... jodi a ke yo di ke Li te fèmen nan tonbo a Vandredi swa epi leve Dimanch maten, ki fè li sèlman de nwit ak yon sèl jou?**

205 Kounye a, si w remake, li te di: "Jan sa te ye" (ou wè?) nan tan kote Jonas te nan vant sa twa jou ak twa nwit. Se nan entèval twa jou ak twa nwit, nan entèval twa jou ak twa nwit sa yo, paske ou pa ka fè Ekriti a bay manti. Pwofèt la te di: "Mwen p ap kite Sen pa M nan wè kòripsyon, ni Mwen p ap kite nanm Li nan lanfè." Epi kòripsyon kòmanse nan kò imen nan swasann douzèdtan, ki se twa jou ak twa nwit. Kèkpa nan entèval twa jou ak twa nwit sa yo Li te dwe soti nan tonbo a.

206 Kidonk, twa jou ak twa nwit, pa vle di ke li dwe egzakteman sa; se kèkpa nan entèval twa jou ak twa nwit sa yo. Li te dwe soti, paske pwofesi a pa ka brize, ke... Li pa t kapab wè kòripsyon epi li t ap wè kòripsyon si Li te rete prezizeman tan sa a.

**316. Frè Branham, si yon gason te marye epi divòse** (Èske sa pa terib, wè, gen sitèlman? Kounye a, mwen pa di anyen kont moun yo; se jis sa ki nan tèt moun yo. Se sèten, yo boulvèse... Anlèvman, moun yo pa t konn tèlman panse a sa; pa t gen twòp fokis sou li. Men kounye a, li jis anvayi mond lan. Epi moun yo li bagay sa yo nan Ekriti a. Epi moun yo, Eli yo, laba ap vini pou gade sa. Epi yo wè li, e yo sensè. Yo vle konnen. Se rezon sa ki fè mwen vle reponn li pou fè otan de sans ke mwen ka ba ou l.)—**te marye epi divòse answit remarye ak yon fi ki te marye epi divòse apre sa te marye avè l, de moun sa yo kapab—ka...marye nan je Bondye...èske yo marye nan je Bondye? Ki jan tou de oswa youn nan yo ka ale nan Anlèvman an?**

207 Kijan? M pa konnen. M pa ka di nou. Kesyon an se: "Èske yo ka nan Anlèvman an?" Divòse, yo chak divòse, yo chak gen yon konpanyon vivan, epi yo remarye, toude remarye. Epi kounye a, youn ki... Fanm sa a gen yon mari ki vivan; nèg sa gen yon madanm ki vivan. Epi kounye a, yo gen timoun e tou epi yo vle vin a Bondye. Èske yo ka ale nan Anlèvman an? Sa pral depann de Papa Selès la. M pa ka reponn a sa. Wè?

208 Mwen-mwen wè yon bagay. Bib la di ke yap rele yo adiltè. Epi Bib la di tou: “On adiltè pap antre nan Wayom ki nan Syèl la.” Se tout sa m ka di. Mwen-mwen konenn, sa jis touye m pou m di sa, men m ka di sèlman sa Pawòl la di. M dwe rete ak sa. M espere ke tout sa se fo. Gen kote nan Bib la...

209 Mwen pap bannou konsèy. Tanpri, kite m jis bannou yon ti Ekriti. Tanpri, tanpri pa-pa-pa... Si wap viv byen ak mari w, ap viv byen ak madanm ou, tanpri rete konsa. Èske nap fè sa? Jis-jis pou, paske mwen di nou ke, pa-pa kite timoun sa yo san kay epi bagay konsa. Gende kote, Bondye fè reparasyon pou moun ki-ki-ki te fè move bagay. Nou sonje, Jezi di de David, lè I te grangou, li te antre nan tanp Bondye epi I te manje pen pwopozisyon an, ki te jis rezève pou sakrifikatè a, epi yo pat fè I obsèvasyon. Sakrifikatè a tou, te blasfeme jou Saba, san yo te fè I obsèvasyon, epi yon pi gran ke Saba a te la. Wè? La a... mwen... Annou-annou jis kite sa nan men Bondye epi vanse, epi jis viv fason nou... jis-jis viv pou Kris kounye a.

210 Ann gade, ka petèt gon chans ke ou ka antre. Pa fè... Ou pa ka repare yon enjistis pa yon enjistis. Jis kontinye epi viv jan ou ye a si nou-si nou byen ansanm. Ou ka gen move konpanyon. M ap di grenn bagay sa: si ou gen move konpanyon nan lavi sa a, nan lavi sa a, ou pap janm genyen I nan lòt la. Tout move bagay ap korije.

### **317. Èske tout kwayan ne de nouvo pral nan Anlèyman an?**

211 Nonmmm, sèlman rès la, jis rès la, pa tout kwayan ne de nouvo yo. Bib la di: “Epi lòt mò yo pa t leve soti vivan nan lanmò anvan mil an pa pase,” epi apre yo te resisite epi separe, brebi separe de kabrit yo. Se pa tout ne de nouvo yo ki pral nan... selon Ekriti a.

### **318. Kisa ki prèy la ke yon moun vrèman ranpli avèk Sentespri a?**

212 Jan 14:26: L ap... “Lè Sentespri a pral vini (wè?), L ap anonse nou bagay ki pral rive.” Wè? L ap on... L ap pèfeksyone I; “sa lèzòm fè” pap fè I; epi Li se Pawòl la. Lè Sentespri a Limenm pral vini, L ap idantifye tèt Li avèk Ekriti a . E sa se vrè siy ke Sentespri a nan ou, paske Li se Pawòl la.

213 Kounye a gade! E si w te pale an lang? M ta jis renmen mande nou sa. Jezi di lè Sentespri a vini kisa L ap fè. E si w te pale an lang, ponpe, ap rele, epi tout lòt bagay, e apres a ou vin a Pawòl la; epi m di nou ke batèm lan... prove nou pa Ekriti a, janm fè la, ke batèm lan ki itilize Papa, Fis, epi Sentespri se apsoliman on erè nan Ekriti a, ke pèsonn te janm batize konsa, epi ou kontinye epi ou tiyen a li kanmen? Èske ou ka di m ke Sentespri a nan ou ta fè yon bagay konsa? Kijan L ka nye Pwòp Pawòl Li?

214 Lè m montre nou kisa ki sipoze rive nan jou sa, kijan Fis de lòm lan dwe revele tèt Li, epi kisa L dwe fè, epi tout Ekriti sa yo ki akonpli kounye a, epi apres a ou wè Li ki desann epi ki idantifye sa, epi ou kwoke nan yon denominsayon epi w ap di ke ou ne de nouvo? Èske ou ka bay sa on sans?

215 Èske m ka di madanm mwen ke mwen renmen I, epi-epi gon randevou avèk on lòt fanm, epi kouri tout kote, epi apre di I ak tout kè m ke mwen renmen I? Èske ou panse ke sa tap vre lanmou? Èske I ka di m ke li renmen m, epi pandan mwen ale, I ap kouri tout kote avèk kèk lòt nèg?

216 Se egzakteman sa Izrayèl fè... Ou konnen Bib lan la, kijan L di, pale... Izrayèl, Li di: “Ou louvri janb ou epi ou envite chak nèg ki t ap pase, epi ou pwostitye tèt ou devan m; epi mwen pral rejte w, divòse avè w.” Egzakteman! Kisa sa ye? W ap fè adiltè ak pwòp kò w. E lè on fanm soti epi ap viv ak on lòt nèg, oubyen on nèg avèk on lòt fanm, alò ke yo marye, yo souye pwòp kò yo. E lè on moun di I Kretyen epi ke I nye apsoliman ke Ekritit



a verite, li komèt adiltè kont Kò a ke l pretann li ladann. Wè? alò son mak antikris, o pwen ke li ta twonpe Eli yo si sa te posib.

**319. Frè Branham, èske li byen pou yon jèn timoun pote pantalon oubyen bout pantalon?**

217 Ki laj li? M kite nou jije de sa; si ou son Kreyen. On ti fi ou nenpòt ki timoun piti, m imagine, m pa konnen, Mwen... Sèl bagay mwen konnen, Bib la di son abominasyon pou on fanm pote rad ki-ki pou gason. Wè? "On fanm," li pa di: "on timoun." Men bon, Mwen jis... Fè jan nou vle apwopo de sa, mwen... Pou mwen, m pa wè anyen ki pa bon avèk on timoun piti, on ti fi tou piti kat ou senk an avèk on... Lè yo tou piti, nou konn sa m vle di, y ap kouri tout kote nan lakou a. Si l pote, sa nou rele pantalon ou kèlkeswa sa l ye, li son timoun piti, mwen-mwen pa wè mal a sa. Petèt...

218 Wè, m jis ap di nou sa Pawòl la di. Son abominasyon pou yon fanm pote rad ki pou gason.

**320. Ki kote nou dwe rasanble ansanm? Ou te di ke nou dwe rasanble sou Twonpèt yo.**

219 Mwen kwè, kanmarad, Sè, kèlkeswa kiyès ou ye, ou-ou gen tò la a. M pa janm di ke nou dwe rasanble sou Twonpèt yo. Mwen di Izrayèl te rasanble sou Twonpèt yo, pa Epouz dè Nasyon an. Non, non! Twonpèt yo, Sèt Twonpèt ki tap sonnen, se te pou rasanble Izrayèl (konbyen ki konn sa?) tout kote nan le... Wi, pa...Non, non! Uh-uh! Non, pa-pa-pa Izrayèl. Alò se pa... Nou pa rasanble sou Twonpèt yo avèk...a... Epouz la pa fè sa. Twonpèt y vin apre Fèt Pannkot la. Wè? Epi Anlèvman an vini... E se...bon kesyon sa kounye a.

**321. Frè Branham, si ou gen tan tanpri eksplike Matye 10:41. M ta renmen konnen kisa ki rekonpans on pwofèt?**

220 Ebyen kounye a, Jezi te di: “Moun ki resevwa yon pwofèt Bondye paske se pwofèt Bondye li ye, moun sa a va resevwa rekonpans yo bay yon pwofèt.” On rekonpans on pwofèt se pou w vin zanmi ak pwofèt la. Moun ki resevwa yon moun ki jis nan non yon moun ki jis, I ap resevwa rekonpans on moun ki jis. Pa vre? E si yo vle konnen kisa rekonpans on pwofèt ye, se pou w vin zanmi pwofèt la. Wè? Sa son rekonpans. Li zanmi w.

221 Tankou fanm Sunamit la, sa ka itil ou yon jou. Wè? Sa te fè I pou li. Wè? Swiv sèvitè Bondye yo.

Oh lala! Kounye a, nou...Mwen-mwen dwe kanpe epi, zanmi, mwen-mwen rayi fè sa, men jis gade la a, jis gade sa, milye. [On frè di: “Kontinye, frè.”—Ed.] Non! Men-m konnen, men... mwen-mwen apresye ke ou di sa, men m ap panse a moun pòv sa yo ki gen dè santèn de kilomèt an machin pou fè aswè a toujou. Oh, sa a jis... tèlman chaje la a, mwen...

**322.Frè Branham, m ta renmen konnen apwopo de Mileniyòm la. Èske se apre Soupe Maryaj la, oubyen-oubyen èske li sou latè a, tout sou sa. Mwen pa-pa konprann sa.**

222 Ebyen, Frè ou Sè, li difisil pou mwen pou m konprann li, pou tèt pa m. Men sèl bagay mwen ka di se sa: ke Soupe Maryaj la vin anvan Mileniyòm la.

223 Kounye a, wè, on moun, m konnen on kote la a gon kesyon sou sa, ki di: “Frè Branham, ou-ou gen tò apwopo de swasanndis semèn Danyel yo. Toujou rete swasanndis semèn.” Non, Mesi a te dwe vini epi pwofetize, e nan mitan swasanndis semèn yo,

swasanndis semèn yo, sa vle di sèt ane, Li te dwe-Li te dwe anlve pami moun ki vivan yo epi vin on sakrifis. Konbyen ki sonje sa? Trè byen. Alò pandan konbyen ane Jezi te preche, Mesi a? Twazan edmi. Donk, toujou gen twazan edmi detèmine.

224 Epi nan Apokalips chapit 11 la, de pwofèt sa yo, yo pwofetize pandan mil desan swasant jou. Toujou gen twazan edmi ki te pwomèt bay Izrayèl lè Epouz dè nasyon a pati. Konbyen ki konprann sa a kounye a? Wè? Trè byen, trè byen.

**323. Sa se yon... Mwen gon kantan e pi fò nan yo, mwen sèvi timoun lekòl segondè. Depi ke mwen antre nan Limyè a, mwen mete machin pinball la deyò ak tout j-box la. Jèn yo fimen epi yo vle mizik rock-and-roll la nan-nan radyo a. Mwen jis louvri anviwon katrè pa jou. Mwen pa-mwen pa sipòte fimen ou bwè, men mwen enkyè poutèt mwen kenbe plas la.**

225 Ou konnen, sa se yon pwoblèm. Wè? Bagay la se ke, ou-ou... petèt ke ou dwe fè vi w. Men, ou konnen kisa sa ta fè pou mwen? Sa t ap tèlman nève m ke mwen pa t ap kapab... Mwen-mwen-sa...Petèt ke ou kapab sipòte l, men ti bann "Ricky" sa yo la a kap kenbe kò yo konsa, epi "Ricketta" sa yo, sa tap-sa tap fè m fou. Wè?

226 E mwen di nou; mwen-mwen...Si sa te pou mwen, m konnen sa m tap fè. M tap di: "Sispann sa oubyen soti la a." Wè? M tap dirije on kote ki byen oubyen m pa tap fè l ditou. Men ou menm, si w dwe fè l pou viv, m pa vle manke w dega, Frè ou Sè. Mwen-mwen konnen li difisil pou di bagay sa yo; men sa-sa jis... Sa a pa bon (ou wè?), paske li parèt tankou...

227 Menm jan on moun di maten an apwopo de medam nou yo kap mete wòb yo tèlman kout, medam nou yo ki pi aje, se te yon move egzanp pou jèn madmwazèl yo. M panse ke sa se vre tou. Ou wè?

228 E mwen panse ke se menm bagay la. Lè yo wè w ladann, nan mitan fimen sa a epi eskandal sa a, epi ke yo konnen temwayaj ou, e tout joure sa yo e-e rasanble pami jèn sa yo konsa, ki aji nenpòt kijan konsa, epi ou pa di anyen sou sa, se yon move bagay sou temwayaj ou. Fè sa Seyè a pouse w fè. M ap priye pou Bondye gide w nan bon chemen an.

**324. Si (k-a-n-p-...) kanpe nan liy lan pou antre nan legliz pral on souvni, kisa ki pral pase si nou pap pase pa Tribilasyon a? Èske nap-nap wè...menm jan...kèk soufrans? Si nou pa dwe wè...**

Wè? Mwen... Kesyon sa se pwobableman sa. Map eseye fè vit; mwen-mwen-mwen pa ta dwe fè sa. M ta dwe remèt yo nan pil la, paske gon kote ou ka rete sou li pandan inè (wè?) epi li- jis analize sa nèt. Map-map kanpe.

229 Gade. Moun yo ap eseye di ke, yo panse ke yo- Legliz la pral antre nan Tribilasyon an. Wè? Li pap fè l; Li pa kapab (wè?), paske Li deja rachte.

230 Kounye a, legliz la, kwayan de non tankou Lot, li pase pa Peryòd Tribilasyon a (wè?) e lap sove kòm si se te pa dife. Noe te pase pa Peryòd Tribilasyon a, te pase anlè li, li soti avèk Kam ki polye latè a ankò. Wè? Lot soti, pwòp pitit fi l yo kouche avè li, epi li vin gen pitit avèk pwòp pitit fi l yo. Wè? Men Abraham bay Semans Wayal la, li bay Semans pwomès la. Enòk al nan Laglwa nan Anlèvman an, li jis fè yon ti mache epi l al lakay. Li pa janm pase pa Peryòd Tribilasyon an. Nou wè?

231 Men li. Wè? Li pa, Bib la pa kapab pa yon tip... Epi tip yo pa ka fayi. Wè? Li pa predi ke Epouz la... Kounye a, legliz la pral pase pa Peryòd Tribilasyon an.

232 Kounye a, moun yo di: "E pou premye sen yo?" Sa se te nan chanjman dispansasyon yo. Sa se te anba pèsekisyon, si w te la pou tande *Laj Legliz* sa a, epi pou

wè kijan yo antre nan peryòd tenèb sa a epi yo te oblije fè l, alò sa montre kote yo te oblije pran pèsekisyon sa a, paske chak laj legliz yo ak tout bagay te kòmanse montre ke yo te tonbe de pli zan pli nan tenèb, jiskaske finalman, yo rive renye Non Li konplètman epi yo pran on lòt non, ke yo viv, epi yo mouri; Sad. Epi apres a te gen, Tiyati epi Sad, epi apres a te gen, apres a nou rive nan Filadèlfi e elatriye, e apres a vin gen moman pou apèl pou Epouz la soti, ki te pou l chape tout kondanasyon an. Li te jije diy pou l chape tout kondanasyon sa a epi tout kolè sa a ki dwe vini sou latè a, se pou nou sa jije diy pou nou chape l, pa pou nou pase pa li, men pou nou chape. Wè? Èske nou konprann kounye a, tout moun? Wè?

233 Legliz lan, tyèd la, nenpòt bagay la ki andeyò de Lepouz eli an a pral nan Peryòd Tribilasyon an. Yo pap leve nan premye rezirèksyon an: “Rès nan mò yo pat viv pandan mil an,” jis Lepouz ki òdone davans, predestine, eli, pwòp eleksyon Bondye yo. “Kimoun li ye, Frè Branham?” M pa konnen. M pa ka di nou kimoun li ye, men m konnen li pral la a, paske Seyè an te di yo ta pral la a. Ou wè? Yo se sila yo k ap monte sot nan tribilasyon an, men rès nan yo a prale nan Tribilasyon an, desann, epi y ap touye tout bagay anvan Milenyòm lan. Apres a jis lan—lan va soti nan Milenyòm lan epi viv pandan mil an.

234 Epi apre mil an an, lè sa a gran Twòn jijman Blan an vini, epi mò yo, ni sa ki bon ni sa ki mal leve. Epi liv yo ouvri, epi Liv Lavi an te louvri; e sen yo, Madanm lan ak Mari an, chita epi jije mond lan. E men dikton an rive: “E L ap jije tout nasyon yo ak on baton an fè.” Tout nasyon va kanpe devan Li la a, e L ap jije yo ak on baton an fè. L ap separe mouton an ak kabrit yo epi di kabrit yo: “Pati,” epi mouton yo: “Vini, noumenm ke Papa M beni.”

235 Kounye a lè sa a, pral gen yon reyinyon nan kan sen yo sou lajè latè a. E Satan lage sot nan prizon li epi l al fè lagè ankò ak sen yo, jis egzakteman sa l te fè nan Glwa

pou kòmanse. Epi Bondye fè lapli dife ak souf tonbe sot nan syèl, epi tout latè retire tankou...Li jis boule epi detwi. Epi pa gen lanmè ankò, nanpwen dlo ankò, nanpwen anyen ankò ki ret sou latè. Vòlkan ap flite epi eklate epi eksploze, ak tout bagay la...

236 “Epi m te wè yon Nouvo Syèl ak yon Nouvo Tè: paske premye syèl yo ak premye tè an te pase; e pat gen lanmè ankò. Mwen, Jan, te wè Vil Sen an ap desann sot nan Bondye sot nan Syèl tankou yon Lepouz ki abiye pou mari li.” Sonje sa? E nan Lepouz sa a... “Gade Tabènak Bondye a ak lèzòm,” e Bondye va abite avè yo sou Vil de mil katsan kilomèt kare sa a ki gen fòm piramid. E nan tè Vil lan pral gen yon Limyè. Amèn!

O, vil sa a sou Mòn Siyon,

Tankou yon etranje, poutan m toujou renmen l.

M ap rankontre nou na laj sa yo,

Lè m atenn vil sa a sou bit lan.

237 Sou tè Mòn Siyon Ayo an ap chita. E Vil lan pap bezwen limyè, paske Ayo an se Limyè li. E Papa an pral anlè Ayo an, ki se Logos la, Bondye, gran Limyè an, Limyè Etènèl la k ap klere jis anlè Twòn lan. E Jezi pap sou Twòn Papa L, L ap sou Twòn Pa L. E Papa an ap plane sou Pitit lan, ke Papa an ak Pitit lan ap Yon Sèl. “E pandan y ap pale toujou, M ap reponn. Anvan yo ka panse, M ap panse pou yo.” Se vre.

238 E Jezi ap angaje yon laj pafè, pafè pou yon—Bondye vivan pafè an, ke Li te rachte epi remèt Papa an. Èske se vre? Lap tounen jwenn Bondye Papa an ki se Lespri, pa yon nonm, Lespri. Tout nati de bonte reyini ansanm, se Bondye. E nan bonte...Kounye a, nenpòt bagay ki pèvèti sot nan sa ki bon se mal; se wayòm Satan. Tout sa ki bon se pou Bondye. Tout mal se pou...

239 epi Bondye te vin materyèl nan yon Òm ki rele Jezikri ki te Pitit Li. Pitit sa ate bay Lavi Li konsa Li te ka mennen lòt pitit, konsa Bondye te ka vin reyèl, ap travay nan tout epi tout. “Nan jou sa a n ap konnen ke M nan Papa an, Papa nan Mwen, Mwen nan nou e nou nan Mwen.”

240 O, frè, se pral yon vrè jou. Nou pap gen pou kondwi sot Birmingham pou tande Mesaj la; Mesaj la ap la a nan nou lè sa a, pa vre? O, se pral yon—se pral yon moman mèveye, mèveye. N ap tann jou sa a; Bondye prese fè l vini.

241 Gran Vil sa a ki enstale la a (kounye a, ou wè), li pap... Nou panse: “De mil kat san kilomèt wotè?” Se sa Bib lan te di. Kounye a, li pap de mil kat san kilomèt monte tou dwat kon sa. Ou wè? Nou gen yon lòt mezi jeyografik ke tout bò yo egal; se yon piramid. Ou wè?

242 E Vil lan pral kòmanse petèt apeprè a swasant degre. E si li kòmanse, de mil kat san kilomèt de sa a, jis panse kòman sa pral wo, men konbyen tan sa ap pran pou l la a. Apèn si w ap konnen w ap mache monte bit lan. Paske de mil kat san kilomèt wotè a yon swasant degre, nou jis prèske kon sa. Ou wè? E tout Vil lan sou bit sa a. E li jis wo menm jan li long; li jis long menm jan li laj. Wotè a, pa pwofondè a, pa lajè a, li—li egal; tout miray yo egal. Yon piramid gen kat miray, e kat miray sa yo ap...

243 Kounye a, miray yo nan viwonn Vil lan ap—ap de san sèz pye nan wotè, san karannkat koude, e chak grenn nan yo se yon wòch. Jis panse a Vil sa a, zanmi. O la la! Pou kisa—kisa nou chita isi a nan kote cho sa a? Pou kisa nou fè bagay sa yo? Poukisa nou kondwi kon sa? Poukisa nou—poukisa n ap redi di? Li vo chak pous nan chimen an.

O, redi nan wout lan pap sanble anyen,

Lè m rive nan fen wout lan.

Se vre. E o, ala yon moman sa pral ye.

244 E Jezi ap chita la a sou Twòn lan. E sot anba Twòn lan rivyè lavi a ap koule, ap wouze kat miray sa yo desann nan ti krevas, epi nan ti branch, epi vin fòme yon rivyè, epi desann nèt nan Vil la. Li pral desann dwat nan lari yo kon sa, epi sou chak bò pyebwa lavi yo kanpe ki pral pote—oswa chanje fwi yo chak—chak trant jou. O, ala yon Vil.

245 E sonje, Bondye, Kreyatè an, ki te kreye syèl yo ak latè a, nan Glwa kounye a menm ap prepare Vil sa a. Abraham te cache Li. Li te kite kay li; li te separe de tout bagay ki te chè pou li epi ap cache...Poukisa? Li te yon pwofèt. E etan yon pwofèt, li te konekte ak Lespri a epi fè pati Lespri a. E Yon Bagay te di l andedan li: “Gen yon Vil,” epi li te kòmanse ap cache L. Te di: “M s on pèlren, yon etranje. M ap cache yon Vil ke Batisè ak Kreyatè a se Bondye.” Li te konnen Vil sa a te yon kote. O la la! E m kwè ke sou tè yo menm kote li te cache Li, la a menm nan Palestine, se la kote L ap monte an, paske Li sou Mòn Siyon. Se la kote L ap ye a.

246 Gade kote L ap etann tèt li nan—nan lanmè a, sot nan lanmè al nan lanmè. Panse a Vil de mil kat san kilomèt sa a ki chita la a sou mòn Seyè yo. O, sa tap mèveye!

247 E lyon an ak ayo an va kouche ansanm. Lyon an ap manje pay tankou towò an. Epi lous lan ap dosil, epi lou an ap donte. Ala yon moman sa pral ye! Anyen pap blese oswa detwi; tout bagay ap anpè ak renmen. Pap gen vyeyès ankò; pap gen maladi ankò, nanpwen lanmò ankò.

248 Mesye, se pa kèk istwa Tonton Nwèl, kèk bagay mitik, li ekri nan Pawòl la. E Pawòl pa janm fayi. E pou panse a pwòmès la menm de...Pa anvan nan jou Bib lan, men nan jou sa a, jou ke Bondye—jodi a. Nanpwen yon sèl yota ki te janm fayi nan Pawòl Li. O, m nan wout pou Vil sa a. M renmen Li, pa noumenm?



249 Non! Kounye a, Frè, Sè, sa di nevè ven. M konnen m gen kèk zanmi isi a ki soti anba nèt nan Kentucky. M konnen m gen zanmi isi a ki sot nan diferan pati nan peyi an. Si nou vle rete tout nwit lan, m ap peye pou chanm nou. M te di nou, nou te gen dine kap tann nou epi peye pou motèl nou si nou te vle rete. E sèl bagay nou dwe fè se wè li dèyè la a, epi se setèn m ap fè l. M ap fè nenpòt sa m kapab pou m ede nou. M renmen nou.

250 M pa vle pou m reponn kesyon sa yo petèt pafwa lekòtrè. Si nou pa kwè li, li kòrèk pafètman. M vle nou renmen m jis menm jan an, paske Bondye konnen mwen renmen nou fason sa a. M sèlman reponn kesyon sa yo nan pi bon konesans mwen—petèt m te ka antò nan kèk nan yo, zanmi, men se pat fè ekspre. Si m te gen apeprè sis oswa uit kesyon, kidonk m te ka jis rete dwat avè yo epi jis eksplike li dwat, men mwen, olye pou kouri sou yo tout nèt kounye a...M gen kèk nan yo sou maryaj ak divòs. M te jis gen—te panse m tap reponn kèk nan yo. M pat ka jwenn plis ki te la a, nan pran yo, men m te jwenn kèk kesyon trè enpòtan isi a, kesyon trè enpòtan. M vle reponn yo pou nou si m kapab.

251 Kounye a, si nap vin bò isi a toupre, rele Billy, mèkredi; m ap konnen disi lè sa a si m ap tounen. M ap priye semèn sa a. Men m gen anpil entèvyou prive, o, yon pil prèske kon sa. E m gen prèske anpil *konsa* nan Arizona pou m fè youn nan jou sa yo lè m kapab. E se moun ki vrèman malad. Kèk nan yo gen pwoblèm, epi yo jis pa konnen kisa fè—mari ak madanm ak pwoblèm.

252 E kèk nan sa yo isi a dwe vire nan entèvyou prive, paske m pat ka li l dirèkteman, sa moun yo te di isi a sou relasyon maryaj yo ak bagay kon sa. E m te mande Billy jis al dèyè epi chache wè kote yo ye, epi—epi rele yo, epi di yo n ap jis mete yo nan entèvyou, konsa m ka pale avè yo. Kèk ki trè serye, e se kesyon ki ta dwe reponn.

253 Mwen isi a pou eseye ede nou, paske m renmen nou. Nou se pitit mwen ke mwen anjandre pou Kris. M reklame chak grenn nan nou. M reklame nou aswè a; M reklame nou tout tan; m toujou reklame nou e sa—tankou frè m ak sè m. Nou se pitit mwen; M—m se papa nou nan Levanjil la, pa papa tankou se tap yon prèt, m se—m se papa nou nan Levanjil lan menm jan Pòl te di la a. M te anjandre nou pou Kris, e kounye a, mwen—mwen marye nou ak Kris; sa fiyanse nou ak Kris kòm yon vyèj pi. Pa deseewa mwen! Pa deseewa mwen! Rete yon vyèj pi.

254 “Kijan m ap fè li, Frè Branham?” Rete dwat ak Pawòl la; viv pwòp epi pi; pa gen anyen pou wè ak bagay mond lan. Si lanmou pou sa nan kè nou, di: “O, Jezi, tanpri elwaye sa de mwen. M pa vle pou m kon sa.”

Kounye a m pa vle di jis pou nou yon moun kap—kap di sa. M—m vle di pou w se yon kretyen otantik. Kwè Jezikri epi viv pou Li chak jou. Pa fè okenn mal.

255 Kounye a, anpil fwa m pale de kwayans Kalvinis. Kounye a, pa panse ke sa fè nou lib pou n fè nenpòt sa nou vle. Yon kanmarad lòt jou an...M te di: “Èske w tal legliz?”

Li te di: “M tal lachas.”

Madanm mesye an vin jwenn mwen, epi li tap sot nan fè lesiv nan dimanch. Epi m te di: “Poukisa w pat al legliz?”

Li di: “M te fè lesiv mwen.”

M di: “Ou pa ta dwe fè sa.”

“Ebyen,” li di: “M pa yon vye legalis.”

M di: “Men m te panse w te yon Kretyèn.” Ou wè? M di: “Èske w konnen w ap mete yon blòk achopman nan chimen yon moun?” Ou wè? M di: “Li...”

“Ebyen, aaah, m—m kwè sa. M pa gen pou m fè bagay sa yo. M pa yon legalis.”

256 Ebyen, gade Frè m, Sè, gad isi a. Pòl te di: “Si manje vyann mete yon blòk achopman nan chimen frè m, m pap manje vyann ankò toutotan mond lan kanpe.” E m panse sa tap pi bon nèt...

257 Kounye a, di: “Frè Branham, ou chase. Èske ou pat janm chase nan dimanch?” Kite m di nou on bagay. Pa—m pap bay tèt mwen ti tap nan do sou sa, men mwen...m pa yon Sabateryen kounye a, m kwè Sentespri an se Saba nou. M kwè sa, men m kwè nou ta dwe onore rezirèksyon sa a tankou yon memoryal. Se yon memoryal ke mwen...Si nou onore on jou, onore rezirèksyon sa a.

258 Kounye a, pa gen okenn lwa sou kenbe yon sèten jou, paske nou antre nan Saba an, lapè a, lè nou antre nan Li. M gen kesyon sa a isi a pou m reponn trè byento tout jan, si Seyè an vle, sou kisa ki jou Saba an? M ap eksplike li, si Bondye vle.

E kounye a remake, sonje sa. Ou wè? Lè m te yon ti gason, anwo isi a menm kote Eichs te viv sou wout lan, m te gen anviwon katòz an; m tap atrap nan pyèj pou m viv. Sèl bagay m te genyen pou ede jwenn pen met anndan kay nou se te atrap moufèt, rat miske, oposòm.

M te renmen atrap nan pyèj, e m te dwe fè l. M ta pral lekòl santi tankou yon moufèt, epi m—m te gen sèlman yon pè soulye, epi se tout sa m te ka mete. Se tout sa m te genyen. Manman tap retire yo epi lave yo, tounen mete yo; e kounye a, se konsa m tale lekòl, ti gason. Men m te kanpe la a yon nwit; m te di: “M gen pyèj sa yo ki enstale la a nan viwonn kot Wathen lan, anwo sa a.” M te konn pati chak maten apeprè a dezè ak yon lantèn pou fè pyèj sa yo mache, apres a tounen a tan pou al lekòl. M tap atrap yon lapen; m te fè kenz kòb sou li. M tap pran yon bwat katouch ak sa, e petèt sa touye twa oswa kat lapen. Sa nou pat genyen pou fè kèk biswit ak lapen—enben, sòs pou soupe, m tap vann

lòt lan, epi petèt jwenn ase pou pran enpe pen, oswa enpe manje, oswa enpe farin pou fè sòs avè l. M pa konnen si nou te dwe viv konsa oswa non.

259 M tap enstale liy pou lapèch nan rivyè an; desann, epi pran pwason sa yo, epi vann yo pou dis kòb yon liv. Enstale liy pou lapèch mwen yo. M pat gen okenn bato; m tap naje ak yon moso pyebwa. Antre nan rivyè an—epi li toujou frèt—mete bokit apa m lan isi a sou moso pyebwa an epi pou—rame epi rame soti kon sa, kò toutouni mwen nan rivyè a, epi fè sa mache...Pran yon kòd pou tèt mwen sou bò sa a, mare pwason m lan. Vye pwason chat sa yo ap manyen m ak najwa yo nan janm a prale kon sa, epi mete apa mwen sou...

260 Men gade, plizyè fwa lannwit m te soti nan rivyè sa a a onzè epi souke chak moso apa sot nan liy sa a. Si m pat ka atrap ase nan sis jou, m pat vle grenn ki vin nan setyèm lan. M te kanpe la a nan lapli an.

261 Yon nwit m ka jis wè tèt mwen kanpe poutan, apiye sou...M te yon pechè; men m te kanpe, apiye sou poto an kon sa, pòt la. O, lapli tap tonbe anpil, prèske toupre onzè. M te di: "M ap anreta aswè a, men m pral leve chak grenn nan pyèj sa yo. M pap atrap li nan Saba an." M te di: "M pap—m pap enstale pyèj sa yo." Bondye te onore sa.

262 M sonje tan lè m te toujou vle, toujou, tout vi m mwen te vle yon chasè. Granpapa m te sa. Nou konnen, grann mwen sot nan rezèv yo; li te touche yon pansyon. M jis renmen deyò.

263 E m sonje m te toujou vle...M—m te jis vle tout vi m... Te panse si m te ka janm jwenn ase lajan jouk m te ka posede yon fizi .30-30...Si m te ka janm fè sa, lè sa a m tap achte on pakèt pyèj. M ta prale nan mòn yo; m ap kite rès mond lan pase. M te panse: "Petèt on lè si m ap pran .22 m lan epi antrene pou mwen yon bon tirè, kèk chasè yon lè ap vle pou m akonpaye li. Si m rive vin yon ase bon tirè, l ap kite m akonpaye l pou

pwoteksyon li; m ap rive al chase.” M gade, ki pandye sou miray yo, epi pi bon fizi ke lajan ka achte pandye la a, jouk m ka prete moun fizi pou al chase.

264 Li kite m ale nan mòn yo epi preche, epi kèk nan pi bon gid yo la a nan mond lan mennen m al chase, gratis. “Gras etonan, ala son an dous.”

265 Lè mwen...Menm maten an, yon vye chasè sèf isi a on kote ak yon Remington .35—M pat vrèman bezwen fizi an—men li mete men l nan kou m, te di l ap vin twò granmoun pou l chase: “M vle ba w fizi m lan.” M te panse a sa lè m te yon ti gason, kòman, si m tap janm panse m tap posede yon fizi kon sa, o la la, kisa sa tap ye. E kounye a, m jis panse, ki pandye la a sou miray mwen, bon fizi, kote pou al chase.

266 M sonje m ap soti, epi ti gason yo tap achte kònè crèm. Epi pafwa kèk nan yo tap gen yon santim an plis epi yo tap achte youn pou mwen. O la la, m pat ka achte youn pou remèt yo. M te panse : “Si mwen...”

267 Epi yo te konn achte vye sa yo pafwa, sa nou rele “anmbègè mudlark.” Pa konn si nou tout sonje oswa non, men kèk nan nou ansyen yo... Nou achte l pou on santim, tout on pil zonyon fri avè l. O, m renmen bagay sa yo. Yon timoun piti nou pat gen...Jis pen mayi ak melas—nou konn kijan sa ye—pou manje.

268 Kounye a, yon moun ta achte youn nan anmbègè sa yo pou mwen, epi gason, m tap niche dwèt mwen kote m te kenbe l la. Se te—se te—tèlman gen bon gou. Epi m te panse: “Gason, mesye sa a, si sèlman m te ka achte yon anmbègè pou li.” Epi kounye a, m ka achte pou on legliz soupe yo.

269 M sonje tout bagay sa yo, epi ki kote l te soti? Gras Bondye, se pa anyen m te fè.

270 M sonje m ap desann nan lari an isi a epi m te pale ak yon moun. Papa m—nou tout konn sa—li te bwè; li te fè wiski. Epi sa—pèsòn pat gen anyen pou wè avè m. M tap

desann lari an epi eseye pale ak lòm; m toujou rankontre nonm sa yo jodi a. Eseye pale ak yon moun, si pa gen pyès lòt moun pou pale avè l, yo tap kanpe: “Ya, en en.” Ou wè? M te yon Branham.

271 Kidonk, m tap santi m vrèman mal, epi vire tounen, epi mache ale. M te panse: “M pa koupab de sa. M pat fè sa papa m te fè. M pat janm bwè nan vi m. Poukisa m dwe sipòte sa?” Epi m tap di madanm mwen isi a sa pa fè lontan: “M prèske dwe rete andeyò vil lan.” Bondye te fin bon pou mwen.

272 M te panse bò la a kote li te di Nathan chita la a yon fwa. Nathan...David te di: “Èske sa kòrèk pou m viv nan yon kay an sèd epi lach Bondye m lan anba yon tant deyò la a ki kouvri.” Li...

Nathan, pwofèt la, te di: “David, fè tout sa ki nan kè w, paske Bondye avè w.” Pwofèt la te fè yon erè, san l pa vle.

Nwit sa a Seyè an vin jwenn pwofèt la, te di: “Al di sèvitè m David: ‘M te pran li sot nan bèjri sa a, ap gade kèk mouton sa yo deyò la a; epi M ba li yon non tankou grantòm ki nan latè a. (Pat janm di Li te ba li pi gran non an, Li jis ba li non takou gran zòm ki te nan latè a.) M te fè tout bagay sa yo pou ou, David. M te elimine lènmi w yo kèlkeswa kote w t ale. M te bò kote w. M pat janm deseewa w, e M pap deseewa w. Men M pa ka kite w bati vil la.’”

273 M te panse a sa, a yon plas kounye a kote Bondye te ede m epi kite m konn gran òm, kite m fè tou mond lan. Epi moun nan lemonn antye ap rele pou vin priye pou yo, epi moun malad, epi—vle kèk minit avè w, kote sa fè jis kèk lane de sa yo pa tap menm vire—yo tap vire tèt yo pou wè m nan lari a. E kounye a, biznismann lan pwospere pa moun ke m mennen nan vil lan epi gen isi a, atravè manje yo ak bil motèl yo, ak bagay kon sa, gen—a pral nan motèl yo epi nan viwonn lan nan vil lan ak bagay kon sa.

274 Moun ki...Moun pat renmen m ditou; pèsòn pat okenn bezwen mwen. Epi kounye a, pa èd Bondye, m kwè ke m ap dirije Lepouz Jezikri an. O. "Gras etonan, ala son an dous."

275 Kote I te soti? Edikasyon m? M pa gen okenn. Ki kote I te soti? Pèsonalite m? M pa gen okenn. Èske li te soti nan konesans mwen de teyoloji? M pa konn anyen. Nan kisa li te vini? Gras Bondye ki te sove m.

Se gras ki te aprann kè m pou I pè,

Se gras ki soulaje krentif mwen;

Ala kontan gras sa a te parèt

Lè mwen te fèk kwè an.

Atravè anpil danje, goumen, ak pyèj,

M deja vini;

Se gras ki mennen m an sekritie jouk isi a,

Se gras kap mennen m lakay.

E lè nou te la a nan Vil sa a pandan di mil an,

Sa pi klere pase solèy la;

Nou pap gen mwens tan pou n chante louwanj Li,

Pase lè nou te fèk kòmanse.

O, ala m renmen Jezi, bèl Non sa a ki te sove m lè m te yon—yon pechè, ki te geri mwen lè m te malad, ki ban mwen pwomès de yon kay nan Vil sa a. M gen yon kay nan Wòch sa a. Pa gen anyen lòt ki enpòtan kounye a ke pou rasanble tout pitit Bondye yo epi di: “Ann ale.” Lè a, minwi ap frape; li pita pase nou panse. Ann priye.

276 Seyè Jezi, cloti yon jou ki pafè... Menm jan nou tap kanpe sou tèt mòn lan epi gade solèy la, lè mak wouj yo travèse monte gwo mòn nan lwès laba yo, lè gran je an fenmen tèt li, zwazo yo kòmanse pran wout yo pou al nan nich lan, lannwit ap vini. Nou te wè yon lòt gran jou Espiriyèl lè Sentespri an tap ede nou reponn kesyon sa yo. Kounye a, nou pral nan nich nou, Seyè. Pran swen nou; pa kite anyen frape nou, Seyè. Pwoteje nou de sèpan lannwit yo ak dyab lan. Se pou Bondye toupre nou tout tan, ap pwoteje nou epi ede nou.

277 M priye, Papa selès, ke W va beni yo chak ak tout sa yo ki te nan reyinyon an, sila yo ki pat ka la a, tout sa ki tande kasèt yo. Ke kesyon yo pa twò fò. E si m te fè yon erè, Seyè, Ou konn kè m; m pat vle fè sa. M priye, Bondye, si gen yon bagay ki pa bon, ke Ou pap janm, janm kite l kontinye; ke kasèt la kanpe. Pa kite m twonpe pèsòn, Seyè. Kite mwen se vrè sèvitè W, paske se dezi tout kè mwen. Kit mwen viv kit mwen mouri, kit mwen tade oswa kit m ale, kit m dòmi oswa kit je m klè lè L vini, sa pa enpòtan pou mwen, Papa, ke volonte W fèt. “Paske m konnen ke Redanmtè m ap viv, e nan dènye jou yo L ap kanpe sou tè sa a. E menmsi apre vè sou po m detwi kò mwen, poutan nan chè mwen m va wè Bondye.” Se te pwofèt Jòb lè li te wè vini Seyè an.

278 E, Seyè, jodi a kòm sèvitè W yo, nou gade devan epi nou wè vini Ou. Kidonk sa pa enpòtan pou nou, Seyè, kilè, kòman, ki kote. Nou sèlman vle fè W plezi. Nou nan men W. Kenbe nou, Seyè, jiskaske solèy la leve. Akòde li, epi nou tout ap mache monte Siyon kote Vil sa a kote Ayo an se Limyè an.



279 Chè ti pitit mwen yo isi a, Seyè, ke m te anjandre pou Ou atravè lyen Bib lan, yo se fwi Pawòl sa a. Yo renmen mwen, e m renmen yo. E m konnen ke W renmen nou tout. Nou priye, Bondye, ke W ap tèlman enpreye nou ak Pawòl Ou ke nou ka sèlman wè Li. Akòde Li, Seyè. Se pou nou tèlman ranpli ak Pawòl Li ke Lespri an ka sèvi avè nou nenpòt kote nan kenpòt plas pou manifeste nenpòt Pawòl ke Li te pwomèt. Akòde nou tout sa. Isi a sou oditwa sa a, la a yo...

280 Frè Jackson mwen retounen kounye a, soti dèyè nèt an Afrik di Sid. Ale avè li ak madanm li; se pou W avè yo, Seyè. Gide yo nan vwayaj yo.

281 Men Frè Lee Vayle ap ekri, ap make chak pawòl ke m di, ap eseye fè liv lan. O, Bondye, ede Frè Vayle ak Sè Vayle.

282 Men frè sa yo ki soti anba nan—nan Arkansas, ak—ak frè Martin yo, ak—ak—tout lòt frè sa yo. M priye ke W ap avè chak grenn nan yo.

283 Se pou W avèk Frè Neville, Frè Capps, Frè Ruddell, Frè Jackson, tout. O, Bondye, tèlman gen anpil. Yo sot Georgia, sot Alabama, ak nan tout eta an epi nan lemonn antye. Nou panse a chante an:

O, yo soti nan Lès ak Lwès;

Yo sot nan peyi byen lwen;

Pou fete ak Wa nou,

Pou dine kou envite L, (Li envite yo patisipe nan Limenm)

Ala pèlren sa yo beni.

Gade visaj sen Li,

Reyonnen ak lanmou diven;

Patisipan beni gras Li,

Tankou jwayo kouwòn Li pou klere.

284 O, Bondye, se pou nou tèlman klere tankou jwayo nan kouwòn Li, ke lòt yo te ka wè epi anvi sèvi Li. Akòde li, Seyè. Pwoteje yo nan tout wout lan. Beni chak moun.

285 E Papa, nan tan Ou fikse an...M se sèvitè ou. Si ou vle mwen kontinye sèmèn kap vini sa yo oswa pran entèvyou sa yo, revele m, Seyè, epi kite m konnen ant kounye a ak mèkredi konsa nou ka konprann. Akòde I, Papa, konsa moun yo ka vini. Epi m priye benediksyon sa a ke W ap ede nou epi—epi rankontre avè nou ankò isi a nan tan pwochen reyinyon nou.

286 Se pou W avèk Frè Neville ak mesye sa yo kap pote Pawòl lan anba nèt nan Texas, ak deyò nan Arkansas, ak diferan kote; pou W jis avè yo, Papa. Frè Pearry Green ak tout gwoup lan la a, ak—jis pou W avè yo tout, Seyè; yo se ti pitit Ou yo. Toupatou nan lemond antye y ap tann vini Ou. Ede nou, Papa nou priye, antan nou remèt tèt nou nan men W. Nan Non Jezi sèvi avè nou. Amèn.

287 M renmen chante sa a, *Yo Soti Nan Lès ak Lwès*. Konbyen moun ki konnen I? M pa konnen otan ke m konnen I, men m panse m konn yon koupè. Ou ta mèt pran li, Sè. M konnen si yo ka kapte I.

O, yo soti nan Lès ak Lwès;

Yo sot nan peyi byen lwen;

Pou fete ak Wa nou,

Pou dine kou envite L,

Ala pèlren sa yo beni.

O, gade visaj sen Li,

Reyonnen ak lanmou diven;

Patisipan beni gras Li,

Tankou jwayo kouwòn Li pou klere.

O, Jezi ap vini byento;

Eprèv nou lè sa ap fini.

O, e si Seyè nou ta dwe vini nan moman sa a

Pou sila yo ki libere de peche.

O, lè sa a èske sa tap pote lajwa pou nou,

Oswa chagren ak dezespwa byen fon?

Lè Seyè nan Glwa an vini,

N ap rankontre avè Li anlè a. (Èske nou renmen sa? Ann eseye l ankò.)

O, y ap soti nan Lès ak Lwès;

O, yo sot nan peyi byen lwen;

Pou fete ak Wa nou,

Pou dine kou envite L,

Ala pèlren sa yo beni.

Gade visaj sen Li,

Reyonnen ak lanmou diven;

O, patisipan beni gras Li,

Tankou jwayo kouwòn Li pou klere.

O, Jezi ap vini byento;

Eprèv nou lè sa ap fini.

O, e si Seyè nou ta dwe vini nan moman sa a

Pou sila yo ki libere de peche.

O, lè sa a èske sa tap pote lajwa pou nou,

Oswa chagren ak dezespwa byen fon?

Lè Seyè nou nan Glwa vini,

N ap rankontre avè Li anlè a. (Konbyen moun ki vle rankontre L anwo la a?

O la la!)

O, Jezi ap vini byento; (Jis fenmen je nou epi imajine nou tande son twonpèt la.)

Pwoblèm nou lè sa ap fini.

O, e si Seyè nou ta dwe vini nan moman sa a

Pou sila yo ki libere de peche.

O, lè sa a èske sa tap pote lajwa pou nou,

Oswa chagren ak dezespwa byen fon?

Lè Seyè nou nan Glwa vini,

N ap rankontre avè Li anlè a. (Nou renmen sa?)

288 Pat, gen bon kouraj! Jou pral leve pou ou youn nan jou maten sa yo. M pat wè jis kote l tale, men li te sanble l bon. Amèn! Ou tann anpil, frè, l ap tounen. E tankou pen sou dlo l ap retounen vin jwenn ou yon jou. Se vre. Trè byen.

O, nou renmen Li?

Lafwa m gade sou Ou,

Oumenm Ayo Kalvè,

O, Sovè diven!

Kounye a tande m pandan m priye,

Retire tout peche m,

Ni pa kite m elwaye sot bò kote W.

Pandan m mache nan labirent lonbray lavi an,

Epi chagren gaye nan viwonn mwen,

Se pou W Gid mwen,

Fè tenèb yo vin lajounen,

Siye dlo nan je chagren,

O, kite m apati de jodi a pou m pou Ou nèt! (Èske nou pa renmen sa?)

Lafwa m gade sou Ou,

Oumenm Ayo Kalvè,

O, Sovè diven!

Kounye a tandè m pandan m priye,

Retire tout peche m,

Ni pa kite m elwaye sot bò kote W.

Beni lyen ki mare (O la la!)

Kè nou nan lanmou Kretyen;

Fratènite lespri ki sanble

Se tankou sila ki anwo.

Devan twòn Papa nou

Nou vide lapriyè cho nou;

Perèz nou, lespwa nou, objektif nou se yon sèl,

Konfò nou ak sousi nou.

Men lè nou separe,

Sa ban nou lapenn anndan;

Men nou va toujou reyini nan kè,

Ak lespwa pou rankontre ankò.

289 Sè Wilson, ou sonje sa fè apeprè tranntwa oswa transenk an de sa nan renyon nan on ti kay nou te kenbe men youn lòt? M te konnen ou sonje sa. O, ann jis lonje men nou kounye a epi pran yon moun nan men.

Beni lyen ki mare

Kè nou nan lanmou Kreyen;

Fratènite lespri ki sanble

Se tankou sila ki anwo.

Devan twòn Papa nou

Nou vide lapriye cho nou;

Perèz nou, lespwa nou, objektif nou se yon sèl,

Konfò nou ak sousi nou.

Lè nou separe,

Sa ban nou lapenn anndan

Men nou va toujou reyini nan kè,

Ak lespwa pou rankontre ankò.

Èske nou renmen youn lòt? Timoun piti, renmen youn lòt.

Jouk nou rankontre, jouk nou rankontre,

Jouk nou rankontre nan pye Jezi;

Jouk nou rankontre, jouk nou rankontre,

Bondye avè nou jouk nou rankontre ankò.

290 Nou renmen Li? Èske Li pa mèveye? Nou renmen youn lòt? Lonje men nou nan viwonn lan, di youn lòt on bagay. Di: "Bondye beni w, frè. Beni w, sè."

291 Y ap koute nou aswè an lòt bò rivyè an laba an, Sè Wilson. M ka wè vye Frè Seward ap mache atè a, ap bat men li. M te wè frè nou an dèyè la a ak bab nan figi li leve men li, ap louwe Bondye; m te panse a Frè Ryan, kijan li te konn chita bò la a menm nan vye tabènak lan ak bab li long kon sa. L ap koute aswè an lòt bò pòtay Lagwa, yon ansyen chè sen. Èske Li pa mèveye?

Pran Non Jezi a avè nou,

Pitit chagren ak malè;

L ap ban nou lajwa ak konfò,

O, pran li tout kote n prale.

Presye Non, O ala dous!



Lespwa latè ak lajwa nan Syèl,

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

Kounye a, nou pran Non Jezi avè nou. (Pou kisa?)

Kòm yon pwotèj kont tout pyèj. (Kisa k rive?)

Lè tantasyon sanble nan viwonn nou,

Pran souf non sen sa a nan priyè.

Presye Non, O ala dous!

Lespwa latè ak...

O, Jezi, ede yo m priye...?...Geri yo, Seyè, nan Jezi...?... èske sa a pou ou tou...?...

Lespwa latè ak lajwa nan Syèl.

Se ti pitit fi w? Li kyout.

292 Pou entèvyou yo: Billy te di tcheke avè l ant kounye a ak mèkredi pou entèvyou oswa apati de mèkredi jiska samedi pou entèvyou kap vini yo, si...Si nou pa gen reyinyon yo apre mèkredi, tcheke avè l, noumenm ki gen entèvyou. Kèk nan nou, li pa konnen kòman pou l jwenn nou. Kidonk l ap...Tout sa ki vle entèvyou yo kounye a, tcheke ak Billy.

293 Nou renmen Li? Trè byen. Kounye a, jouk nou rankontre, Bondye beni nou. Nou vle koube tèt nou; epi m pral mande bon zanmi fidèl mwen, ki pral lòt bò dlo kounye a, ale anba nèt an Afrik, kote m te misyonè yon fwa la a nan Non Seyè an, Frè Sidney

Jackson, li ak madanm li...Nou te trè kontan genyen yo avè nou pou kèk dènye sèvis sa yo. Kijan Bondye te beni li. Epi m pral mande Frè Sidney Jackson si l ap voye oditwa an ale nan priyè. Frè Jackson, si w vle.